ҚЕҢЕСБАЙ АЛЛАМБЕРГЕНОВ

# ҚЫЙЫН ӨТКЕЛ

*(Повесть ҳәм гүрриңлер)*

«ҚАРАҚАЛПАҚСТАН» БАСПАСЫ,
НӨКИС—1983

www.ziyouz.com kutubxonasi

ҚҚ 2
А—51

Алламбергенов Қ. Қыйын өткел. Повесть ҳәм гүрриңлер.
Нөкис: Қарақалпақстан, 1983-жыл. 76-бет.

Кеңесбай Алламбергеновтың бул туңғыш топламына оның повести менен гүрриңлери кирди. Жас автор гүрриңлеринде турмыс картиналарын шеберлик пенен ҳәр тәреплеме сүўретлеўге умтылады. «Қыйын өткел» повестинде студентлер турмысы, олардың ойлары менен әрманлары гүрриң етиледи.

Рецензентлер: А. Бекимбетов
Ш. Сейтов
И. Қурбанбаев

А $\frac{4803010000—029}{М—357 (04) 83}$ 66—83

© «Қарақалпақстан» баспасы, 1983

www.ziyouz.com kutubxonasi

# ҚЫЙЫН ӨТКЕЛ

*(Повесть—новелла)*

## КИРИС СӨЗ ОРНЫНА

Қыйын өткел—бул жаслық өткели, яғный балалығы басым «жаңа жигит болған,жаңа қыз болған» дәўир. Ким оның қылдай нәзик «жиңишке» жолларынан жаңылыспай жүрип өтсе ғана, өз мақсетине, бахытқа жол табады. Бул жолдағы кишкене жаңылысыў—пүткил өмирине «қәўип»...

Мен бул кишкене повестимде усы өткел қыйыншылықларын сөз етиў арқалы ҳәр қандай нәрсениң қәдирин өз ўақтында билиўдиң қаншелли артық екенлигин, муҳаббат сезиминиң бәршесинен жоқары туратуғынлығын сөйлегим келди.

## I

Болған ўақыяны көз алдымызға келтирсек, қарлар ерип, тоңлар кетип, тереклердиң шақалары бөртип шығып атырған апрельдиң ала-сапыранлы күнлери усайды. Сәўирдиң самалы оны да, буны да үйлеринде отырғызбай, жел қуўғандай айдап шығыпты.

Солай етип, олар Микрорайонның қабат-қабат зәўлим жайларының арасы менен киятырып, ойламаған жерден ушырасыпты да, танысыпты. Ақыры, гәплер қулаққа жағып, сөзлер жүрекке жол табысып, қолайлылаў жер келгенде, ай менен күн әсте ғана сүйисипти... Өмиринде анасының ләбинен басқа ләп көрмеген қыз қыспаққа түскендей тырп ете алмапты, тырп еткиси де келмепти... Ол, дүньяда бунындай рәҳәт болады деп ойламапты, ақыры.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кәпелимде ертек ҳақыйқатлыққа дөнипти де, нөсерлеп жамғыр қуйыпты. Қыз болса жүзигин жойытқан ханның қызындай сел-сел жылапты...

...Оның менен, қыз жылағанын қоя қоймады. Таксиде жаслары нәдеўирге барып қалған,өзлеринен басқа еки ҳаял отыр екен. Қыз еле өз қәддине келе алмай атыр еди. Ҳаяллар ўақыяның мәнжайына түсине қойды да:

— Милиция бөлимине!—деп шаў сте қалды.

— Аға, студент едим,—деп жалынды бала жигит. Меҳири келген таксист еки ҳаялды гезектеги остановкада түсире салды да, былайлаў барған соң қызға:

— Тийесең бе?—деди. Қыз үндемеди. Бала жигит «алмайман» деп айта алмады.

Азырақтан соң такси қаланың арқасына қарай созылған гүзар жолда қуйындай ушты.

## II

— Айсенем шешейдиң баласы қыз әкелипти...

— Анаў бир Зульфия дейтуғын қызды ма?

— Яг-э,—әнедей-ақ қыз. Үй жумысына бенде емес екен. Журттың балалары ап-аңсат ақ үйлене қояды—әй!

— Басқаны ғой билмедим, шешемниң сол Назары бәле! «Бәле» деп отырған бул мақтаўлы жигиттиң үстинен көп узамай басқа гәплер тарқалады:

— Жуўернемек жылайтуғын әдетти шығарыпты. Зульфия деген басқа бир қыздың атын айтады дей ме?

—Жақсы көрмейтуғын болса, алып не қылады екен? Сол Зульфия дегени де буннан артық емес дейди ғой.

— Артығы артық емес еди ғой. Ол да, бул да адам улы, ақыры. Ким қызының хор болғанын қәлейди!

«Әттең, Зульфияның орны басқа еди—дә! Назаржан да жек көрмейтуғын еди...»

Ананың ядына Назаржанының балалық дәўири елеслеп кетти.

...Үйшилик, урыс-қағыс болмай турмайды. Оның үстине қоңсы келинлери де гейде кеўлинен шықпай қалатуғын еди. Усындай да қысынып-қымырылғанынан ҳәсилик етип, гүлдей келинлерине тил тийгизип алады екен...

Баламысаң деген!

—Апа, апа, өзим саған жақсы келин түсирип бере-



www.ziyouz.com kutubxonasi

мен,—дейтуғын еди, ол бундай ўақытлары—ол сени ҳеш те қапа қылмайды.

Балалық бул ықлас ырас та еди. Ол бул жақсы келинди көрди де. Екеўи пионер бөлмесинде егиз қозыдай шүйиркелесип отыр екен... Таныды. «Әкеси жақсы адам еди пақыр! Назаржанның ағасы сыяқлы ол да урыс салған жараның зардабынан көз жумып кетти. Түпәләм, көз тиймегей, қызы да ағасының мурнынан түскендей екен. Усыларға әкесиниң жоғын сездирмей сақлап отырған анасына рахмет!»

Тәғдирлеринде усы жақынлық соң бул еки ананы дosластырып жиберди. Олар сөз арасында балаларының келешегин айтысты...

Мине, соннан берли Зульфия бул ананың әрманы еди. Ал мына қыз ... Сорлы бала не қылып тап бола қойды буған?!

Ана «буған» деген сөзге онша зил берип сөйлемеди, зил берип сөйлегендей оны жек көрген де жоқ. Усындай сын-сымбаты келискен, үй жумысына уршықтай айланысып жүрген қызды жек көрипте болар ма! Жүзи ысық, жипек минез жақсы қыз. Балаға деген ықласы да шеп еместей... Пайдасы не, баласы түспегирдиң аза бойы қаза болып отырса!

Бул күннен-күн болмайды буларға. «Ий-ий» деген соң үй болама? Бул жуўернемек соны неге ойламады екен? Неғып алжаса қойды?

Ана кирип-шығып жүрип, бир неме билемен бе дегендей гә балаға, гә келинге қарайды. Баласы еле қара аспанды түсирип отыр. Мына қыздың күлимлеген гиршиксиз тып-тынық, көзлеринен не сезип, не уғарсаң?!

Ол бахытлы, мына күнге жеткенине бахытлы, ол бул күнди қаншама әрман етип еди дейсең? Ал бала ше? Оның әрманы ма еди бул?! Адам өмиринде бир рет үйленеди—онда да қуўанбайды деген не сумлық! Ол бул күнди усылай әрманлап па еди?!

Минекей, қуўанышы күл болды. Жүреги май жутқандай гилкилдейди. Неге енди, ол усылай ислей қойды?

—Неге?

Жигитке қәтесиниң не екенин сезиў қыйын болған жоқ. Ол усы сораўды шеше алмады. Қалай еткенде де ақылға уғрас келе бермейди. Ырастан-ақ бәрине сол



www.ziyouz.com kutubxonasi

хат себепши бола қойды ма? Сол ырас па еди?! Ырас болған күнде де ол бул «жынаятларға» жол қоймаўы керек еди ғой. Ким буған себепши болды? Ким?!

Жоқ, өзи емес, өзи оны сүйетуғын еди, шын берилип сүйетуғын еди. Бәлким, аралардың алыслығы болар? Мүмкин... Жоқ, жүрек оны тыңламайды. Сонда неге булай болды?

Ойланды. Ядына бир нәрсе түскендей болды. Ақмақ екен! Неге ол өзинен бир көйлек бурын тоздырғанның сөзине ере қойды. Ырастан-ақ ҳадал муҳаббат жер бетинде жоқ па еди?!

— Келин бала қайда?—деди ол буған.

— Таганрогта.

— Онда қойды қасқырға тапсырдым десең-ши, бажаға жарыйды екенсең. Ҳәзир шайнағаның өзиңдики. Қыз дегениң солай болады, қошшым...

«Әззәзул» оны усылай азғырды. Оның да «басқалар» усап ақ терини қара терите алыстырып, дүньяны жалпағына сүргиси келди. Ол муҳаббат алдында әззилик етти. Сонлықтан оның бели бекип, буўыны қатпаған бала муҳаббаты усындай сада сезимлердиң тасасында бастырылып қалды...

Мине, енди сол муҳаббат қайта ғыжлап жанып атыр. Пайдасы не, бәри питкен!..

Ол ҳеш затты қәлемеди. Жаңа үйленген жигитлер усап яр ләззетин татқан да жоқ.

Қыз бийшара ҳешнәрсеге түсинбеди. Ол ўақытша барлығына қайыл болғысы келди, өзинше, бул жигитти сүйетуғын еди, ақыры.Қыз сол ушын шыдады, қыз сол ушын қайыл болды.

Жигитке, бәрине себебши усы қыздай сезилди. Соң байқаса—бәри қәте. Қыздың сүттей таза сезимин де патаслаған өзи екен. Мынаң қара, айыплы деп ким айтады усыны?! Балалық пәк кеўил, ер атаўлысына болған туңғыш сап ышқы, жас келиншекке тән ерке минез...

Бәри, бәри оның көзлеринде ушқын атып турыпты. Бул көзлерге қалайынша кеўилиң питпес?!

— Тәғдирине жазғаны усы шығар, шүкирлик ет. Бул қыз да шеп қыз емес екен.. деп ақылландырды айырым жасы үлкенлер.

Назар оның менен ақылланған жоқ. Бирақ қыздың шеп қыз емес екенлигин олардан жақсырақ сезинди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сапаргүл менен усылайынша қос болып қала бериўди де ойлап көрди. Бәрибир, пайдасыз екен, ол бул қызды ҳеш қашан бахытлы ете алмайтуғыны сыяқлы, өзи де, оның менен бахытлы бола алмайды екен. Неликтен де Зульфия ядына түсе берди. Ол түнлерде бунық жүрегине кирип алып, өзиниқ аҳыў-зарын айтты. Тас болып қатып қалған жүрегин жибитип, нөсердей төгилди... Назарды айыплады, қарғады, сөкти, бәрин түсинетуғынын, қанша өкпелесе де, оны кеширетуғынын, аяныш лы муҳаббатларына жаны ашыйтуғынын, Назарсыз өзи де жасай алмайтуғынын айтты. Ол бәрин айтты.

Қулласы, оны өзге қыздың қушағына қыйғысы келмеди. Қушағында жатқан гезлери де әлле қайдан ушқын атып тесилип қарады. Бул көз, қарас Назарды өрт болып күйдирди, басын дастықтан жулып алып, бир дөңбекшип ары жатты.

Жигит бул көзлерден қатты сескенип, өзин ақламақшы болып умтылып та көрди. Ақлай алмады. Көз алдына тек өткен өтмиш ғана келип турды.

### III

Олар қаладағы ири оқыў орынларының бири пединститутқа жақынлаў жердеги көшениң арғы басындағы жалғыз баслы бир кемпирдиң үйинде кирей ҳақы төлеп, татыў ҳәм қурғын жасап атыр еди. Бул татыўлықтың сыры—олардың бала күнлеринен бери бирге киятырған тилек-әрманларының тең шериклиги болса, қурғынлығы—миллионың болса да, бар ўақытта аямай шашып, соң... гейде шерек нанға тыйын таппай қалатуғын студентлик—алтын дәўир кеңлиги болды. Айырмасы—екеўи еки факультетте оқығаны болмаса, оларды бир адамның тете өскен еки улы сыяқлы қабыл алыўға болатуғын еди. Бирге жүрди, бирге кийинди. Деген менен, жан-дүньясындағы гейпара усас емес тәреплер олардың қалайынша бирге турып, дос ҳәм татыў жасап атырғанларына шек келтирип те қалар еди...

Ырас, Назар айырым мәселелерде Оразға қарағанда бурынырақ ержетти. Ол муҳаббат дегенниң не екенин сезип, қыз атаўлысы менен рухый жақынлықта болып жүрген күнлери Ораз бул ҳаққында тек китаплардан ғана оқып, олардың «мың бир түнлик» жүзле-



www.ziyouz.com kutubxonasi

рин фильмлерден көрди. Назар менен Зульфия оның ең дәслепки көз бенен көрген ашық-машықлары еди.

Сонлықтан «мениң де Зульфиядай бир қызым» болса деп ҳәуеслеңди. Зульфия менен Назар айлы ақшамларда қыдырып жүрген гезлери. Зульфия—оның көз қарасында, дүньядағы ең гөззал, ең жақсы қыз еди. Ол бул гөззаллықты барынша ҳүрметлегиси келди. Өзи де Зульфиядай бир гөззалға дус болыўын қәлер еди...

Ол бул гөззалға көп кешикпей дусласты да, қыз онша узақта емес, тап үйиниң қасында—қоңсы-ақ екен. Оның аты Б. деп аталар еди. Ораз оны тап солирет өмириниң ишинде биринши рет көрип турғандай болды.

Дәслепки сөйлесиўлер, дәслепки ушырасыўлар, балалылығы басым шийрин қыяллар! Дәнияр—Жәмийла, Алпамыс—Гулпаршын, Қамал—Зыяда. О, ол ким болғысы келмеди дейсең!

Жоқ, ол ондай болмады. Бәлким, олар болар да еди. Қыз болғысы келмеди, қыз қыялы гүңгирт еди. Он төрт пенен он бес жастың аралығы, стандарт хат жазыспалар, хатқа сүйенген модалық «муҳаббат»...

Ол бундай хатларды жаза алған жоқ. Жазып билмеди, не жазарын билмеди. Ал, бул ўақытлары қыз қолында жоқары класстың оқыўшыларының биреўиннен келип түскен бундай хатлардың биреўи әлле қашан ашылған еди. Ол не жуўап жазарын билмей арсар болды. Бир жағынан бул хаттың келгенин онша шеп көрмейтуғындай еди. Хат ийесен жуўап сорап күнде келди. Не ислейди, не жазады?

Қәпелимде жигит қыздан жуўап сорап турғанының үстине Ораз шығып қалды. Ары жүрди, бери жүрди, ким екенин билгиси келди. Жақынлап келсе, жоқары класстың оқыўшысы екен. Оларда үн-түн жоқ, самсаз болып қалды...

Уйтқы бузылды, сыр аян болды, жаңа ғана сыр дегенниң не екенин зорға билип атырғанлардың кишкене сырын да биреўдиң билип қойўынан жаманы барма! Ол да болса... Қыз Оразды мәжбурий жек көриўге урынды.

Қыздың қабақ түсында қылт еткен бул жаман көзқарас бала жигит жүрегине найза тыққандай шым сте қалды. Қандай аянышлы! Оразды түсинде де қыялынан шығармай жүрген ҳасыл әрманы жек көрип атыр. Ол



www.ziyouz.com kutubxonasi

буның бәрин жуўап сорап турған жоқары класс оқыўшысынан көрди.

Олар сам-саз дағыса баслады.

Қыз үйине кириўден, Ораздың қандай да бир күш жоқары класс оқыўшысының изинен жеткенше асықтырды.

Ертеңине мектепте үлкен «аўдарыспақ» болды. Жаңа тәнеписке шыға бергени, қапыдан саў етип кирип киятырған жоқары класс оқыўшысының ҳаплығысқан атаанасын көзи шалып қалды. Қайда қашады?! Жоқары класс оқыўшсының бэт-аўзы көк-көмбек, гүптей исик...

Көп узамай директорға шақыртылды. Сораўлар берилип атыр. Екеўинде де үн жоқ. Негедур екеўи де қыз ҳаққында тилине алғысы келмейди. Не дейди, қыз үстинде урыстық дей ме? Уят-уят!

Қәпелимде Ораздың ядына бир ақыл сап ете қалды. Екеўи фильм көрип отырған болады, билесиз, клуб— жәмийетлик орын, жәмийетлик орында ким шылым шегиўге рухсат етеди? Оның шылым шегетуғыны рас ғой.

— Шекпе,—дейди бул.

— Шеккенде не қылады?—дейди ол.

— Қоя ғой!?

— Қоймайды!—Шала шегилген папирос шертилген бармақтың пәти менен буның мойнына келип түседи. Мойны ашып кетеди. Питти, ўассалам!

Бул ақылға ҳеш ким қарсы даў айта алмады. Негедур жәбирлениўши де үндемей қойды.

Бәрибир, олардың төбелескенлиги жөнинде хабар мектепке сол заматта жайылып кетти. Бул хабар қызды қатты шоршындырып жиберди.

«Мениң үстимде екенин билсе, не қыламан». Усы қәўетер оны кем-кем бул баладан алыслата берди. Оны көрсе бурылып кетип қалатуғын әдетти шығарды. Тап биреўлер күлип қарап турған сыяқлы.

Бала әрманы усылайынша алыслап кетти. Ол қаншелли алыслаған сайын, соншелли азаплы, соншелли қымбатлы болып туйыла берди. Қыз, бәрибир, оның зарын еситкен жоқ. Енди ол пүткиллей басқа биреў болып қалды. Баланың оған деген ықласы адымлары оның қәҳәрли көзлери менен кейин қайтарылып турылды...

Жыллар өтти. Бәрибир, бул сезим сөнбеди. Көриспеген аралықлар оларды умыттырып жибергендей бола-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ды да, набада көрисе қалса, баяғы даўыл қайтадан турады. Жигит қаншелли нөсер астында қалған менен, қуяшлы күннен ҳеш те үмит үзген жоқ. Қыз оған нениктен де, өзин сүйиў керек сыяқлы. Тек «аўа» деўге бир рет «яқ» деп қойғаннан кейинги қызға тән тәкаббырлық бой бермей жүргендей көринди...

Усындайда Ораздың ең жақын сырласы Зульфия еди. Ол бул екеўиниң түсинбеўшилигине жаны ашыған менен, қалайынша түсиниспирип жибериўдиң есабын таппады. Оның орнында өзи болғанда тәп сөзге келмей-ақ келискен болар еди. Қара, қандай нәзик сезимли, слжиреп турған ҳақ көкирек бала дейсең! Бундай адамлар биреўди шынтлап сүйип қалса қыйын. Олар бирсүге исенсе, баладай шын берилип исенеди. Олардың кеўилин жығыў ҳәммесинен аўыр.

Зульфия Ораздағы бул қәсийетлерди жақсы баҳалай билди. Қулласы, ол оны жақыннан түсинген ең, биринши адам болды. Сонлықтан ол оны ақыллаңдырып, соңғы ўақытлары да жубатыў хатлар жазып турыўға ҳеш те ериибеди...

Биреўден қатты сөз еситип, яки наҳақтан жәбирленип келгениңде, басыңнан сыйпап, бир аўыз болса да жақсы сөз айтқан адам қандай ысық болып көринеди дейсең. Сол ушын Ораз да оны барынша ҳүрмет етер еди.

Ораздың Зульфия менен усылайынша жақсы қатнасықта болыўы Назар менен Оразды бурынғыдан да бетер жақынластырып жиберди. Жақсы көрген қызың достыңның да кеўлинен шығып отырса, қандай жақсы! «Бизлерге де өзимиз ҳүрметлейтуғын, өзимизди жақсы ҳүрметлейтуғын қурдас керек» деп жазды Ораз Зульфияға жазған соңғы бир хатында шын ықлас пенен. Бул Назардың да ойы еди. Тойда Ораз тамада болатуғын болды...

Бирақ соңғы ўақытлары Ораз негедур Назарға жақпайтуғындай болып қалды. Араларында айта қаларлық келиспеўшилик болмаған менен, бәрибир, пикирлеринде қандай да бир қайшылықлардың сирәсип, атырғанлықлары билинип қалар еди. Әсиресе, Назарды түсиниў сәл аўырласып кетти. Аўырыў ма, я өзиниң болғаны ма, қабағын онша аша бермеди, сөйлесе барлық нәрсени бийкарлап, ҳеш нәрсеге исенгиси келмеди. Бир ҳайран қаларлығы — муҳаб-



www.ziyouz.com kutubxonasi

бат мәселесиндеги пикирлери аяқ астынан өзгерди, оның ойынша, дүньяда ҳадал муҳаббат деген болмайды, болган күнде де ол өтирик. Оған ҳеш исенийдиң кереги жоқ. Қызлардың бәри алдамшы сезим адамы. Оларда биреўди шын берилип сүйиў, ўәде-опа деген болыўы мүмкин емес. Сол ушын қолдан келсе, аямай қоныштан басқаны мақул. Оразға бул негедур жалғандай. Назардың сап таза пикири еместей, ол өзинөзи алдап атырғандай сезиле берди. Ырасында да, ол бул пикирди анаў күни де биреўден еситкен сыяқлы еди. Бирақ оның ким екенин есине түсире алмай-ақ қойды. Умытпаса, сол Назардың группамыздың жасы үлкени дей беретуғын, соңғы күнлери Назар менен квартираға жийи келип жүрген, көбирек сыйыпатуғын адамы—жән-жағын жалмап баратырған, бир жағынан күлдирги сөзли де, я жалатай, я дәдек екени белгисиз, суўқылдақ анаў бир Оңғар деген шығар... Ораз оны негедур жақтырта бермейди. «Әй, сирә соннан келген бәле» деп ойлады ол.

Назардың сол «бала» менен көбирек бас қосып кеткенлигин, улыўма, соңғы ўақытлардағы ҳәрекетин үй ийеси кемпир де онша жақтыра бермеди. «Бир күн болса, бир күн жоқ, сорлы бала ишетуғын әдетти де шығарыпты, қашан көрсең, көшеде қаңғып жүргени. Сирә, сабағына оңлы қатнаса ма екен өзи? Бир неме болып қалмаса болар еди, сорыма...»

Кемпир усылайынша тәшўишленсе, Ораз не ислерин билмей ҳайран қалды. Түсинбей турған жери—бурын бундай емес еди, қызларға да, бүйтип бий ҳүрмет қарамас еди. Мектепте оқып жүрген күнлери-ақ қызлар менен сондай сыйласықлы болды. «Сонша азғырғандай қызлар не қыла қойды екен. Биреўге өкпелеп жүрген сыяқлы, яки мен кеўлине тийип алдым ба? Минекей, бүгин де жоқ. Балалар Оңгар деген менен басқа қызларға барып жүр дейди... Зулфия-ше? Ол десе аҳыўзары шығып жүретуғын еди ғой!?»

Усындай ойлар менен бәнт болып отырып абайламапты, сыртта биреў келип тур екен. Қапы тықылдағандай болды.

— Кел, кел!—деп даўыслады.

Ҳақыйқатында да, ишки қапының есиги азмаз ашылып, қызыл шаршы жалт етип, бир көринди де, және жоқ болып кетти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Апа, сенбисең?—деди Ораз ҳақ көкиреги менен.

Жуўап болмаған соң, стол үстин азмаз тақластырып, Ораз қапы алдына келди. Мойнын бурып қапының қаптал таманына қараса, он сегиз, он тоғыз, жаслар шамасындағы бир қыз! Ядына еле ҳеш нәрсе келтирмей атырып-ақ қыздың оң алмалығының тусындағы мәштей қара меңи бар аппақ жүзи көзге шалынды. «Соң ким болды екен?!» деп ойлап көрди. Танымады.

— Назар бар ма?—деп гәп баслады қыз уяң ғана. Ораздың негедур «жоқ» деп айтқысы келмеди.

— Кел, кел, ишкерилең, келип қалар,—деди оның орнына. Қыздың күлимлеген үмитли көзлеринен әлле неге болған нарийзалық излери билинип қалды.

— Қайда кетти?—деди сәл-пәл ашыўлы.

— Ишкерилең, келип қалар.

— Жигиттиң қыз бенен сөйлесиўге болған қуштарлығы бурынғыдан да күшейе түсти: «Жаман қыз емес екен, таныссам да, шеп болмас еди».

— Жоқ, қайтаман.—Қыздың түри бурынғыдан да сурланыңқырап кетти.

Ол буннан артық ҳеш нәрсе деместен, кетпекши болып эсте қозғалды.

— Келсе, не дейин?—Ораз «сөйлесемен бе» деп еле үмит етер еди.

— Ҳеш, өзим жайша...

Ораз оны дәрўазаның алдына дейин узатып салды да, әлле немирге дейин «қайда барар екен?» дегендей изинен көз айырмай қарап турды. Қыз туўры стадионды кесип өтти де, ҳеш жерге иркилместен, қызлардың жатақханасы тәрепке қарай бурылды. «Демек институтта оқыйды,—деп ойлады Ораз.—Бәлким. Назардың курсласы шығар».

Ол Назардың курслас қызларының көпшилигин таныйтуғын еди. Бундай қыздың бары-жоғын сирә есине түсире алмады. Ақыры, үйге келип, Назардың сүўрет альбомын қалдырмастан тинткилеп шықты. Тилекке қарсы, бул гөззалдың ең қурығанда үште-төрт те сүўрети жоқ екен. Бәри—Зульфия, Назар—Зульфия, Зульфия және дослары...

Қыз Назардың курсласларының сүўретлери арасынан да табылмады. Ораз оның басқа да таныслaрын билиўи керек еди. Бундай қызды ҳеш жерде көрмепти «Ким болды?» деп ойланды ол және. «Қалай да тегин



www.ziyouz.com kutubxonasi

қыз емес деген бир сум пикир қыялында сәўленении те қалды.—Хәй, сирә Назар оны алдап жүр-аў. Олай деўге, Зульфияны шын берилип сүйетуғын еди ғой. Мүмкин емес! Бир жумысы болып келгенди-дә! Деген менен жақсы қыз екен. Сонындай мулайым, көзлери де күлип турады...»

Назар бул күни де үйде болмады. Ораз ертеңги семинарларға таярлықтан кейин, түн жарпына дейин Достоевскийдиң «Жынаят хәм жаза» романын оқып жатты да, мийи әбден шаршағаннан соң, иләжсыз уйқыға кетти. Уйықлап атырып та Соня ҳаққында емес, кешеги қыз ҳаққында ойлап атыр екен...

Соң бул ҳаққында умытып кеткендей болды.

## IV

Студентлик өмир әсте ғана өз жолы менен бара берди. Оқыў, қолы саўа болса-жәмийетлик жумыс, гә мәжилис, гә кеше, ушырасыўлар... Бир минут қолы босар емес. Жақыннан берли және усындай жумыслар менен бәнт. Факультетте Достоевскийдиң туўылған күнине байланыслы өткерилетуғын әдебий кешеде «Жынаят ҳәм жаза» романындағы ҳаял-қызлар образы бойынша доклад жасаўы керек екен...

Аңсат болмады. Әсиресе, оны Соня Мармеладованың образы қатты қыйнады. Ойланып көрип атыр. Оны қалай жазыўдың есабын таппай-ақ қойды. Ойлап қарасаң, туўған анасы қайтыс болып, өгей шешениң қолында қалған, он төрт жасар жап-жас қыз. Өгей шешеси де наўқас, шым-шырқадай бала-шаға... Туўған әкеси—Мармеладов тәғдийр күйигинен-ақ пиянкес, жаңа қолым аўзыма жетти дегенде, күн көрис—жумысынан айрылады. Үйде еси пүтин, физикалық жақтан жумысқа жарамлы (жарамлы да емес-аў) Сонядан басқа ҳеш ким жоқ! Жумыс таптырмайды, ақша? Кишкене ини-сиңлилерине талшық еткендей жутым керек!

Неге екени белгисиз, усы туста ядына анаў күнги Назарды излеп келип кеткен қыз түсти. Неге ойлады? Тап усы иретте ядына алғаны қалай? Сонда оны да сол қызлардың қатарына қоспақшы болғаны ма? Ҳаў, ол оның еле ким екенин де билмейди ғой...

Ол буған онша мән берип отырған жоқ. Жоқарыдағы пикирлерин асығыс хатқа түсирди де, кешеге ба-



www.ziyouz.com kutubxonasi

рыў ушын жылдам кийине баслады. Жаңа галстугин тағып, жағасын дүзей бергени, тарс-тарс тепп үсти-үстине қапы қағылды. «Кел!» деп айтып аўзын жыйған жоқ, қапы айқара ашылып, табалдырықта Назар бүгин өзгеше кейиптемен дегендей ыржыйып турды. Бул бир жағынан, әлле неге қысынып, жүзеки кеширим сорап турғандай да еди. Соң изинде биреў бар дегендей мойнын бурып:

— Өтиниш етемен!—деп, көкирегине қолын қойып, сыпайы ғана қоддин ийди. Нағыз джентельмен болыўға цилиндрдей қалпағы, жылтырақ былғары қолғабы кемис болып, сәл-пәл қалып турғаны айтпай-ақ белгили еди. Қапының аржағында турған қыз жүзин дийўалға қаратып, басын төмен ийиўи менен «ийбе» тыныўшына коймаған тырнақлары арқалы қабырғаға көзге көринбейтуғын белгисиз бир сүўретлерди түрткилеп турды. Таныды. Анаў күнги қыз!

— Курсласым,—деп таныстырды Назар әдиўм-әзәрда ежирене киргизип, қонақ орнына отырғызып кеўилин жәмлегеннен кейин.

— Базаргүл,—деп суп-сулыў сүйректей саўсақларын усынды қыз.

Ораз қыз бенен қол алысып, бундай қолларды көрген жоқ. Жүреке жағымлысын қәйтерсең. Қоллларына магниттей тартылып, әлленемирге шекем жаздырғысы келмей узақ қысып турды.

Әттең, ўақыт тар. Ўақтында бармаса болмайды.

Жигит кеширим сорап, ҳәзир бир саатқа бармай қайтып келетуғынын айтып, ийне қарай-қарай кләжсыз шығып кетти. Қыз рийза болған кейипте басын ийзеп қалды.

Пайдасы не, ол айланып келемен дегенше, бул әжайып көриністен наўадан қалмаған еди. Соншa жерден жуўырып, өкпеси шала өшип асыққаны бир пул болды. Әжайып тулға излеген көзлери «популярный баррикадаға» түсип, Назардың джентельмен ролин ойнаған табалдырығында қайсы рольге киреғин билмей турып қалды.

Қыз кетип қалған. Өжирениң иши ойўан-жәйўан: стулдың үстинде даңғырлаған консерва қуты, колбасаның қабыршақлары, домаланған бир—еки пияз, бири—жарты, бири—бос еки стакан, өзи болса шалқортасына түсип, гитарасын қушақлаўы менен қаннан қабарсыз



www.ziyouz.com kutubxonasi

уйықлап атыр. Ораздың қасына келип, бетине үңилэ басын шайқап турғанын да, қушағынан гитараны жулып алып, даңғыр-дүңгир дийўалға илдирип қойғанын да, өжирени өз қәлпине келтирип, үйди сыпырыстырғанын да абайламады.

«Яқшы, уйықлай берсин, соң есапласармыз» деп ойлады Ораз. Бирақ столдың астында домаланып атырған, босап қалған бир шийше «аққа» көзи түскенде, бул ойынан қалайынша тез өзгергенин өзи де сезбей қалды. «Хә, оңбаған, еле ишиўди де басладың ба?! Жаңағы қыздың да ишетуғын болғаны ма—ә?!»

Ашыўы келген ол Назарды қатты силкип жиберсе керек, ояныи кетти. Нениң не екенин түсинбеген ол «не қылып атырсаң» дегендей, көзлерин уўқалаўы менен Оразға олыйып қарап турды. Ораздың сораўын еситкеннен кейин барып «Хәй, не екен десем» дегендей бийпарўа ыржыйып қойды.

Мына бийпарўалық Ораздың ашыўын келтирейин деди. Сораў бурынғыдан да зиллирек етип тағы қайталанды. Жуўап орнына Назар үлкен ис питкергендей мардыйып:—Жигитшилик-ийтшилик... деп және ыржыйды.

«Бул қыз дегенде ес бола ма екен өзи! Назардың қызы бар екенин билмэй ме!?». Бир жағынан, оны Назардан қызғанып турғандай да еди.

— Несине мақтанасаң!—

Назардың өңменинен тесип жиберетуғындай қадалып турды.

— Зульфия?!...

— Хәй, оны қойса!—Назардың суп-сур болып кеткен жүзинен ашыў қысып турғаны айтпай-ақ белгили болды. —Қыздың соңы болса да...

— Хе, аманлық па?—деп күлимсиреди Ораз нениң не екенин түсинбей.

— Мә саған—комедия!...

Назар қалтасынан қандай да бир қағазды алып полға ылақтырып жиберди.

...Хаттағы сөзлерди оқып хайран қалғаны менен, исенбеске болмайтуғын еди. Таныс қызлары жазыпты, жаны ашып жазыпты...

Хим, Назар неге бузылысып жүр десем... деп ойланайын дэди Ораз. Ырастан-ақ Зульфияның солай ислегени ме? Ол өйтпеўи керек еди ғой. Және баяғы жигит пенен дей ме? Назар соған өшегисип жүр екен-дә?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өшегисип не арттырады? Қыз балаға қыйын-дә! Набада бул қыздың өзи сондай қыз болса... Ол, бәлким, Назарды жолдан шығарып жүрген болар. Итимал, болмаса ол бул жерге сабақ таярлауға келди дейсең бе? Назардың ғой Зульфиясы бар...

Жоқ, қызы емес! Ким ертсе, соның жетегинде кете беретуғын бундай ҳәм қыз болады екен? Ибалы, ибарат алған қыз деўге... мынаў үйдиң сықылы!»...

Мына көринис оның әбден жығырданын қайнатып жиберди. Әдебинде Зульфия ҳаққында айтылған «дөҳметке исенгиси келмей турса да, «ҳәзир келемен» деп кеткен қызының мынадай пәнт берип үмидиўар қалдырыўы, «қыз бала бола турып өзи излеп келиўи»—бәри қосылып онда бул қызға деген жек көриўшилик сезим оятты. Бул гүңгирт сезим оның жүрегиндеги Зульфияға деген беккем исенимге шубҳа туўдырғандай болды. «Қызық!—деп хайран қалды ол.—Дүньяда еки жақсы болса, бири сол деп ойлайтуғын Зульфияның солай ислегени—ә?» Ишинен Назарды да қатырып сөкти. Ашыўы аз-маз басылған соң, және Зульфия ҳаққында ойлады. Өзинше, қандайда бир нәрсеге исенгиси келмей атыр. Бәрибир, Зульфияны ақлай алмады. Ақлағысы келген менен, бул хабарға шын кеўилден исенип қалған Назарды тап усы турысында ҳешким де тәўеллеге келтире алмас еди. Ораз тәўеллеге келтире алмаған сыяқлы, бул жағдайдан аңсатлық пенен шығып та кете алмады. Қәйткенде де, досты ушын қандай да бир «мийирманлық» ислеўи керек ғой. Ол бул «мийирманлықты»—мына қыздан тез «қутқарып алыў» деп тапты.

## V

Ораздың бийтаныс қызға болған кишкене қызығыўшылығы да усылайынша ғәзеп сезиминиң тасасында көмилип қалды. Бул қыздың «жарамас ҳәрекетлери» Назардың ким екенлигин кем-кем айдынластырып атырғандай болды. Ораз, ҳәттеки, сол қызды тутып алып:

— Қәне, айт, сен кимсең?—деп жағасынан қылғындырмақшы болды,—Назардың қызы бар ғой, ақмақ!

Ораз, бәрибир, Базарды жуўғарада көре қоймады. Бәҳәрдиң баса-басы менен жумыслар да урда-тут болып кетти. Ораздың өзи де тынышсыз адам, бир нәрсени питирмей турып, бир нәрсеге асылады. Қыял деген



www.ziyouz.com kutubxonasi

ҳәм ҳәкисине усындай ўақытта келеди екен. Назар менен Зульфияның тәғдири қаншама тынышсызландырған менен, ойға алған нәрсени питирип тасламаса да болмайды. «Қәйдем, иске асып кете қояр ма екен?»

Ораз бул ойын айтып комсомол комитетине хабарласып еди, секретарь ҳә демей-ақ қуўатлады.

— Буны барлық факультетлерде ен жайдырыў керек!—деди ол. Енди, мине, өзиниң басламасы менен институттан егис жыйым-терим мапазларында мийнеткешлерге жәрдемши студент—механизаторлардың отряды дүзилейин деп атыр...

Бир-еки күннен берли факультетте бәҳәр фестивалына таярлық та ҳәўиж алып кетти. Көпшилик жумыслар профкомға тийисли. Лозунг, плакатлар жазып, газета шығарыў, концерт таярлаўлары керек. Бул ушын басқа факультетлердиң жумысларын көрип бармасаң да болмайды. Актовый залда ҳәр күни ҳәр факультеттиң таярлығы.

Бүгин де солай. Ораз актовый залдың қапысын ашып ишке киргенде, сахнага гезектеги номерди атқарыўшы қыз шықты. Қыз сахнаға көтерилиўден, Ораз оны дәрҳал таныды. Ҳайран қаларлық ушырасыў, өзи излеген анаў күнги «бийәдеп» қыз!

Өз көзине өзи исенгиси келмеген менен, көринип турған ҳақыйқатлық мойынлатпай қоймас еди. Дуўтары қолында, көкиректи керип таслап қалай болса, солай жүрек сырын дөндирип тур. Йош ҳеш нәрсени тыңлар емес. «Зал» дегениң шапалақты қардай жаўдырып атыр.

Қыз ҳаўазы оннан сайын ашылып, оннан сайын ҳәўижге минип барады.

—Мына Базарды қоя бер!—деп жагасын услады қызлар. Қосық ырғағы Оразды да «ақыл-ҳуўшынан айырып»:

— Саў бол, Базар!—деп айтқанын сездирмеди. Көп ўақытларға шекем өзине келе алмай отырды. Негедур онда бурынғыдай ғәзепли көз-қарас қалмаған еди. Көзи қараңғы түнекте жылт еткен жақтыны шалып қалғандай болды...

«Ырастан-ақ солай болыў мүмкин бе?—деп ойлады ол—Усындай гөззал сезимли қызлар-ә?... Неге қосықлары соншама шерли? Яки Назарды сүйип қалды ма



www.ziyouz.com kutubxonasi

екен? Ал, Назардың қызы бар ғой. Бәлким, басқа бириўден алданған болар. Назар да алдайды..,

Оған бул нәрселерди қалай түсиндириўге болар екен? Түсингиси келмесе... Жоқ түсиндириў керек. Түсиндиреди!» Ол усылай ойлады. Тап ҳәзир ғана өзинше «гөззаллық» деп атаған «бул дүньяны» қорғағысы келди. Бирақ қалай қорғайтуғынын өзи де билмейтуғын еди.

## VI

Назар соңғы бес-алты күнниң ишинде танымастай дәрежеде өзгерип кетти. Узақ аўырыўдан турғандай жүзи қуўарып, жақлары қуўсыйып, күннен күнге жүдей берди. Кеўил-кейпи де бурынғыдай емес. Аз сөйлеп, көп жатып алатуғын болды. Лекцияларға да жүдә ықлассыз қатнасып жүрди.

— Сабақтан қала берме,—деп ескертип қойыўға мәжбүр болды кураторы. Курсласлары оны группа жыйналысына салды. Оған қандай да бир жәрдем бериўдиң жолын излестирди.

— Егер, қәлесе, жатақханаға орналастырайық,—деп ғамқорлық еткиси келди профбюро ағзалары.

Ол, бәрибир, ҳеш нәрсе деген жоқ. Өзине салса оқыўды таслап-ақ кетежақ...

Үйде оның кеўлин алмақшы болып Ораз пәйиқ болады. Оның менен кеўлин ҳеш зат толтыра қоймайды. Не болса да, өз аўанына болғысы келди. Адамларға қосылса болды—«қызы таслап кетипти» деп айтысып атырған сыяқлы... Кимнен болса да кишкентай ғамхорлық көргениниң өзинде арланады. Ядынан Зульфияны биротала шығарып жибермекши болады.

Ядына түссе, жүреги дуз қуйғандай ашып турғаны. Баяғыда бала гезлери онша билине бермейди екен. «Пискен астың күйиги жаман» деген усы екен-дә!

Ол өзин, өзгелерди де биротала умытып кеткиси келеди. Умытыў қайда! Қайтама жүреги босасып кетип егитилип қоя береди... Сөйтип отырып ол барлық қызларға нәлет айтады. Қолдан келсе, оларды аяғысы келмейди. Көрсин Зульфия оның ким екенин!

Ораз Зульфия жөнинде бир аўыз сөз айта алмас еди. Хаттағы сөзлерге исенгиси келе бермеди. Буны Назарға қалайынша түсиндириўдиң де есабын таппа-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ды. Ашыў менен «соны қойса» деп айтып салса? Ашыўлы адамға ақыл жаға ма?

Бәрибир, усындай аўҳалын көзи көре тура үндемей қала бериў де қолайсыз екен. Оқыў, ишимлик мәселесинде ара-тура ескертип қойыўға туўра келди. Оның үстине, Назардың басына питкен бул қәўипли пикирден қорықпаса да болмас еди. Бир қыз ушын барлық қыздан өш алыўға болар ма? Олардың жазығы не? Бәлким, кешеги гөззал қыз ҳәм усы уўдың зәҳәрине түскен болар? Бәлким, қыз сүйетуғын да шығар. Деген менен...

Ораз көбирек усы жағын ойлады. Назарға бул пикириниң надурыс екенлигин адам» болған иске полат болыўы» кереклигин түсиндиргиси келди. Мүмкин, Зульфия жаңылысқан болар...

Оның менен, Назар оны тыңлай коймады. Көбирек өз аўанына кеткенди мақул көрди. Квартирада да сийрек болып, ҳәттеки, ҳәптеде еки-үш күнлеп бас көрсетпей кететуғын әдетти шығарды. Бурынгыдай бирге киноға шығып турғанды да қойды. Соңлықтан оның не ислеп, не қойып жүргенин билиўдиң өзи қыйын еди.

Соң-соң ҳәр жер-ҳәр жерден ызың-ызың гәплер шығып турды: «Назар оқыўды таслап кетейин деп атырған усайды. Базар менен байланысы бар-емиш. Қашан көрсең, аўзы арақ сасып, бәрқулла қызлардың жатаққанасының алдына жүргени...»

Гәплер ҳақыйқаттан ҳәм жаны бар гәплер еди. Көп узамай бунын шынлығына да көзи жетти.

Кешқурын курслас балаларынан хабар алайын деп жатаққанаға кирип келсе, өзине таныс еки бала екинши этаждың айнасының алдында әлле неге қызыға қарап тур екен.

— Ий-ий, ий-ий, шықты, шықты! Тамам-тамам!—деп өзлериниң тилинде қандайда бир адам сүймес ҳәрекетлерди, қол бармақларының хызметинде шартылдатып көрсетеди.

Ораз не екенин түсинди. Бирақ олардың бар дыққатын аўдарып турған нәрсе өз жорасы Назардың ҳәрекети екенин абайламады. Олар:

— Назар сениң жораң ба? Пай, қораз жигит екен!— дегенде барып, бул жерде оның да бар екенлигин түсинди.

Дәслеп Базарды көзи шалды. Анадай жерде Назар



www.ziyouz.com kutubxonasi

да жүрип киятыр екен. Ол келиўден гәп-сөзге келместен-ақ оның қолынан тартыўы менен жатақхананың қараңғы мушына қарай қайрылды. Анаўлар және өзлериниң «тамам-тамамына» басып күле баслады.

— Күлки биймәнилик пенен күлинген жеңил күлки болса да, Оразға ермек күлки сыпатында тәсир етти. Оған булар жорасын қорлап күлип турған сыяқлы сезилди. Оларға көзлерин алартып қарағаны менен, не қыларын билмей турып қалды. Белгисиз күш оны Назарлар тәрепке тартқышлады. Басында қандай да бир пикирлер бир-бирине жеңислик бермей киятыр еди. Бунық бири-анаў күнги актовый залда ядқа келген пикир екенин анық билди.

Олар оны абайламады. Бири алға, бири артқа тартқышлаўы менен паркке қарай жол алды.

— Жиберсе, жиберсе!—деп барар еди қыз.

— Алдама, сен ҳеш кимди сүймейсең, сүйе алмайсаң, қызлардың бәри сондай!—деген даўыс ҳеш нәрсе писент етпес еди.

Аздан соң, жапырақлар сылдырына қосыла:

— Сениң қызың бар дейди ғой. . . деген еки ойлы жумсақ ғана даўыс еситилди. Бул даўыс Ораздың ядына Зульфияны салып жиберди. Зульфияның тып-тынық гирриксиз ала көзлери қойыў қараңғылық арасынан тесилип қарап турғандай еди. Бул оған «Сен бар едиң ғой, Ораз, сен бар едиң гой! ?..» деп атырғандай туйылды. Ораз өзин әлле кимге қыянет етип атырғандай сезип, бир түрли қолайсыз жағдайда қалды.

—Жиберсе, жиберсе-деген даўыс тағы еситилди. Бул ирет тап бир торға түскен палапанның шырылдысындай сезилди. Даўыс Ораздың есине актовый залдағы шерли қосық ырғағын қайта салды. Енди Ораз барынша ашыўлы еди.

— Назар!—деп қәҳәрли бақырғанын өзи де сезбеди. Жудырығын алып жуўырып келген Назар оны көрди де:

— Ҳә, сен екенсең ғой!—деўи менен турып қалды.

## VII

Ораз Назарды басқаша түсинип қалады деп қыялына келтирген де жоқ. Усы күнги кештен кейин өз пикирин орынлаўға шынтлап киристи.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Назар,—деди жайпарахатлаў бир күни үйде отырып.—Сен жора, усы күнлери сәл бузылыңқырап баратырсаң. Абайлайсаң ба, ол сени жақсы көрип қалыпты...

Усыннан бир неме болып қалса, яки Зульфия ҳаққындағы гәплер бийкар болып шықса, неше пуллық киси боласаң?!

— Ала қоямыз—дә!—Ол итибар бермегенсип, қолын шот қаққандай бир желпип қойды.

— Алыўын аларсаң-аў, Зульфияны не қыласаң?!

— Өзи жаққан отқа өзи жылына берсин! Жалынып хәлегим. Қыз қапылмайды, ҳәзир ҳәр адымымда бир қыз, жора.

Ораз гәпти буннан ары соза бериў пайдасыз екенин түсине қойды. Еле Зульфияға деген ашыўдың изи бар көринеди. Пикири де қәўиплирек екен. Сөз бенен ақылландырып ушына шыға алмайсаң. «Енди не қылсам екен?—деп ойлады Ораз—Зульфия ҳаққындағы гәплер бийкар болып, сәл жерде бийәбирей болып қалсақ?.. Назардың мына жүриси болса, бул сөзсиз болатуғын ис! Айтсаң, ақыл айтқандай боласаң. Басқашарақ бир жолы жоқ па екен? Мүмкин, қыз бенен сөйлесип көриў керек шығар. Бир жақсы қыз екен-дә!»

Қыялында актовый залда пайда болған пикири қайтадан сәўлеленди. Назардың усындай бир ойы бар екенин биле турып, қызды қалайынша бул батпаққа итерип салып қоя берерсең?! «Бул жағдайды қызға түсиндирип айтып көргенде қалай болар еди?—деп ойластырып көрди.—Және ҳәкисине түсинип, азғыртыўшы екен деп ойлап қалып жүрмей ме? Ойласа да, не илаж!?..»

Енди ол Базарды тезирек көрип, оның менен сөйлескенше асықты.

## VIII

Қыз түни менен жата алмай шықты. Ядынан кешеги ушырасыў шықпай-ақ қойды. Сонша жақсы көрип жүрген адамы... Сөзлери, ҳәрекети—бәри қурғақ сыяқлы. Оның кеўли күткен нәрселер булар еместей еди. Хә дегеннен «аламан» деп те атыр. Әй, қәйдем, ырас бола қойғай—дә! «Турмыс қурыў қандай жақсы!—деп ойлады қыз—«үйде жеңил машина да бар» дейди. Со-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ған минип, әсте қыдырып жүре беремиз... Семьясы да қурғын екен. Соң азмаз турғаннан кейин екеўмиз бөлек шыға қоямыз».

«Набада Назардың қызы бар болып жүрсе...» деген ҳүрейли бир пикир пайда болды усы ўақытта. Бул тәшўиш онда көптен бар еди.

«Анаў бир Ораз деген жигит те соңынан қалмай-ақ қойды,—деп ойлады аздан соң.—Бир немелер айтқысы келетуғын сыяқлы. Ол мени ким деп ойлайды екен? Бирақ жаман жигит емес-аў! Өзи факультетте «профком» дей ме? Көптен берли баслама көтерип, институттан студент—механизаторлар отрядын шөлкемлестирип те атырған қусайды...»

«Соған жазылсам ба екен? деген қыял таўлап кетти оны.—Еки бастан аўылда бир жыл тракторшы болып иследим гой. Бәлким, Назар да баратуғын шығар. Набада бармай қалса... Оны апарыў жөнинде Оразға қулақ-қағыс ете қойса қәйдем? Бәрибир, Назар буны жақсы көрмейди-аў. Тракторшы деп мазақлап жүрсе...»

Қыздың ойы көп қырлы еди. Ол, қәйткенде де, Назардың бар дыққатын өзине қаратып алғысы келер еди. «Буннан қолай пайыт болмас» деп ойлады ол. Ертең булда отрядқа қосылады. Буннан басқа қыз да жоқ шығар, қандай жақсы! Ҳәмме ҳайран қалады муғаллимлер ушырын мақтайды, газета-журналларда сүўрети басылып, мақала, очерклер шығады... Енди Назардың иши жанбағанын көр! Оның үстине Ораз да жаман жигит емес... Оннан соң Назардың силеси қатады...

Қызға усы шешим унап қалды.

## IX

Ораздың «қыз бенен сөйлесип керейин» деген тилеги күннен күнге күшейе түсти. «Бул сөзсиз Назарға пайда келтиреди,—деп ойлады ол.—Екиншиден, қызға да жақсы. Қол созғанының ай емес екенин билсе, тезирек күнге талпынып ,бахыт жолын таўып кетеди».

Қыз тәғдири Оразды оған жеткенше асықтырды. Деген менен, ушырасыў бир сәтине түспей-ақ қойды. Бийтаныслаў болған соң бара бериў де қыйын екен. Өзи де бир жерде отырып жарымай ма деймен, қашан барсаң, «көшеге кетип еди» деп атырғанлары...



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ертең усындай ўақытлары усы жерде ушырасыўым керек еди,—деп тапсырып та кетти кешеги барғанында қасындағы қызларға. Ўәде бойынша түстен кейин хабар алмақшы болып атыр еди, қасақана соңғы пара тамам болайын деп турған ўақытта комитеттен биреў келип:

— Түстен кейин секретарьға жолығың,—деп кетти.

Комитетте ол қуўанышлы бир хабарға дус болды. Олардың қатарына қыз балалардан да биреўи қосылатуғын болыпты.

— Бул ким?—деди таңланып.

— Мә, өзиң көрип шыға ғой, мынаў арзасы.

«Базар Ҳәмийдова дейди!».

— Ҳаў, мынаў таныс қыз ғой,—деп айтып та салды ишки сезимин жасыра алмай: «Пай, бүйтип оқына түсе коймас. Енди ҳеш қандай сылтаўсыз-ақ оның менен сөйлесиўге болады. Демек, жаман да қыз емес екен-дә!»

Секретарь, жигиттиң ойларын оқып турғандай мыйығынан күлип қойды да, ислеринде еле де табыслар бола бериўин тилеп, сентябрьде теримге шығар алдынан техника қәўипсизлигин қунт пенен үйренип қойыўлары керeклигин ескертти.

—Қатарыңызға қызлар да қосылып атыр, ақыры,—дейди күлип.

— Билесең ғой, олар көбирек нәзик сезимли жанлар... Ислериңизде сазенде-гүйенде, хош-ҳаўазларыңыз болса, ойын-заўық, концертлер шөлкемлестирип турсаңлар да шеп болмайды.

Ораз секретарьдың кабинетинен шығыўдан, туўры қызлардың жатақханасына келди...

Сол күннен баслап, екеўи жийи ушырасып турды.

— Назар да бара ма?—деп сорады қыз ойда жоқта бир күни.

Ораз ҳеш нәрсеге итибар бермегендей оның жүзине бир қарап қойды. Қыз сораўды берерин берип болып, уялып қалған сыяқлы... Еле де «Назарды да қосып алайық!» деп айтып қоймағаны!

«Тап усы ирет айтыў керек.»—Ораз сөйлеў ушын әсте ыңғайласа баслады. Енди ол бәрин-бәрин, қыз өзин-өзи алдамақшы болып сағым жалынында тапланып жүргенин де, Назардың оны сүймейтуғынын да айтады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## X

Қыздың төбесине жасыл түскендей болды. Абайсызда ыссы суў жутып алғандай тамағы тығылып, жүрегине бир нәрсе шаншылып кеткендей болды. Гейде келе коятуғын «мени сынап турған жоқ па екен-әй» дегенге усаған ойлар да басынан кирип шықпады. Ол ҳеш нәрсени ойламағаны сыяқлы, шашын жайып, «аҳ», урып жыламады да, өзинен-өзи өлгиси келип, бийик жар басынан таслаў ушын желдей ушып жуўырмады да, жан-дүньясын астан-кестен етип атырған күшли даўыл оны ессиз адамдай әлленемирге дейин лал етип таслады. Оны ҳәзир ғана басқа түскен айралық сезими ме, яки усы айралық арқалы басқа тийип турған қандай да бир нәрсени жойытыў ма, бир нәрсе қатты шоршындырып жиберген еди.

«Енди ол отрядқа да қосылмайды,—деп ойлады Ораз. —Айтпағанда да болатуғын еди. Айтпаў мүмкин емес!».

Даўыл тынды. Қәпелимде қыз тап жилли адамдай Оразға қарап күлимлеп сала берди. «Ораз! Ораз бар ғой» деп ойлады қыз. Ҳәп заматта есине және бир нәме түскендей астыңғы ернин бир тислеп, үн-түнсиз сам-саз болып қалды...

* * *

«Мақсет питти» деп ойламады Ораз. Өзинше қызға еле көп нәрселерди түсиндириўи керектей сезиле берди (қыздың ойынан қандайда бир аўыр нәрсе ҳеш кетгей-ақ қойды). Екинши жағынан, секретарь бир де болмаса бирде «бар қызлардан ҳәм айрылып қалыпсаң ғой, қошшым» деп айтып салып, уялып қаламан ба деп қорықты... Сол ушын да Базар менен болған қатнасықты бирден үзип кетиў де қыйын болды. Үзилкесил қатнасықтың тоқтап қалыўы Базардың да пикир дүньясына ҳеш өзгерис жасай алмай қалар еди. Ораздың қәсти-ғәрези—оны Назарға және де жақынластырмаў болды.

— Базар Ораз бенен жүретуғын болыпты,—деп шықты оны гейпара аўзы бос жаслар.

— Қой, Назар менен де!

— Ҳа, өтирик айтып жиллимен бе, кеше өз көзим менен көрдим ғой, паркте бирге отыр екен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Назардың жорасы болғаны ушын отырған-дә!

— Жорасы болса Назардың басқа қызы бар деп өсек тарата ма?

— Ырастан-ақ бар дейди ғой...

— Бар болса обалы жоқ, хор. болған қыз-дә. Енди Ораз да жүрип-жүрип, аўзына ылай сыйпап кетсе, тәўир болар еди,—деп әңгимени балалатып жиберди олар.

— Сен ырастан-ақ?!... деп таңланысты Ораздың дослары.

Базар екеўи бул гәплер менен онша есапласқан жоқ. Соңғы ўақытлары олар өзге түўе, өзлерин де умытып кетти. Ҳәттеки, Назар да еслеринен шығып кеткендей болды. Кем-кем бир-бирине қандай пикирде келип жүргенлигин де умытты. Екеўиниң руҳый дүньясында қандай да бир жақынлық бар сыяқлы. Сөйлескен сайын сөйлескилери келе береди. Бир-бирин көрмесе тура алмайтуғын да болды. Жигиттиң Раскольников ҳаққында айтқан гүррүңлери қызға унап қалыпты. Қайта-қайта сорай береди.

— Жигит жақсы көрген менен, бәрибир пайдасыз ғой,—дейди Базар ўақыяға исенгиси келмей, қандайда бир нәрселерди айтқысы келип.

— Раскольников оны сол жағдайлардан қутқарып алғысы келди-дә!—деп түсиндириўге тырысып атыр жигит те,—сөйтип жүрип өзинде қызға деген муҳаббат сезимин оятып алды. Бул муҳаббатсыз, яғный өзине деген қызығыўшылықты қызда да оятпай турып, ол оны қутқарып ала алмас та еди.

— Соң, бәрибир, бетине басады-дә!

Қыздың әдебий саўатының азлығына күлкиси келген менен, Ораз буған күле алмас еди. Ал түсиндириў оннан да қыйын. Соңлықтан гүррүң буннан ары илгерилей алмай қалады да, арада азғана ўақытқа болса да кеўилсизлик шөгеди. Жигит бундай ўақытлары бул кеўилсизликтен шығыў ушын өзлериниң сүйикли темасы—студент—механизаторлардың гүзи ҳаққында айтып кетеди...

## XI

Назар қәдимгише ҳеш нәрсеге түсинбеди. Түсингиси де келмеди. Түсинбейтуғындай не бар бул жерде?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Оның Базарға барып жүргени ырас па-ырас! Ҳәтте, кинода бирге отырғанын да көрди ғой. Демек, бул ҳаққында, Зульфия ҳаққында айтады деген сөз. Айтқаннан соң...

«Ырас, маған өшегиседи екен мениң ешегискеним. Көрермиз, ким «қораз» екен! Қыз қапылып қалмайтуғынын Зульфия да билсин!...»

Ол истиң соңын қыялына келтирмеди. Оған өмир мәнисссиз қалғандай туйылды. Зульфияны «турақсыз, сатқын» деп айыплады. Өзинде оларға деген жек көриўшилик сезим оятыўға тырысты. Бирақ олардың бирде-бирин ҳеш қашан да жек көре алмайтуғынын билмеди.

Бул кәзсиз ыза оны кем-кем орға жетелей берди.

Бир күни Ораз сабақтан шығып, квартираға келсе, үйдиң иши жылан жалағандай қаңырап тур. Тек өзине тийисли ғана затлар қалыпты.

— Ҳеш нәрсе айтпады ма?—деп таңланып қарады изинше кирип келген үй ийеси кемпирге.

— Қайдан билейин, шырағым-аў, екеўиңиз егиз қозыдай-ақ едиңиз ғой, соңғы ўақытлары не болды сизлерге?! Келди де, ҳеш зат деместен, көрпе-төсеклерин арқалап шығып кетти. Мынаў саған берип кеткени.

«Мен сени түсиндим. Қолыңнан келгени сол болса, ислей бер!» деген ғана гәплер жазылған еди онда. Кемпир сораўлы пишинде Ораздың бетине тигилди де, ол үндемей ийнин қысқаннан кейин:

— Өзлериңиз билиң, балаларым,—деп шығып кетти. Ораз, Назардың қайтымы тез болғаны менен, усындайда келте ойлап, дүңкийип кететуғын әдетлериниң ҳәр қашан да өзине зыян берип жүргенлигин бурыннан да билетуғын еди. Бул иретки де анаў күнги «дүгисиўден» кейин көрсетип отырған қыры екенлигин анық түсинди.

## XII

Ол усылайынша барлығынан ўаз кешип дүньяда шын дос, ҳадал муҳаббат дегенниң жоқ екенлигине өзин-өзи исендирди. Кеўли қулазып, босап, қалғандай еди. Ол усы бослықты қандайда бир нәрсе менен то-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лықтырғысы келип, жийи-жийи көшеге шығып кетип турды.

Уақыя аяқ астынан келип шыққандай болды.

Жаңа ғана мектеп партасынан шығып, үлкен қаланың ағымына енди-енди ғана бой үйретип киятырған он жети жасар қыз еле ҳеш кимди шынтлап сүйип көрмеген еди. Ол өзиниң усы тыныш ҳәлпин ақырына дейин сақлап кирген медшколын «аман-есен» питкерип шыққысы келди.

Оқыўға, студентлик турмысқа, қатар-қурбыларының минез-қулқына үйренисе келе, ол дүньяда бунындай қатып қалған түсиник пенен жасаўға болмайтуғынына түсинди. «Ырас, оқыўға келдиң бе?—оқы,—деп ойлады өзинше.—Бирақ өмирдиң мақсети тек оқыў емес ғой. Оқыў деп ўақыт ағымынан қалыўға болмайды. Жаслық адамға бир ирет бериледи екен, оны жасқа усап өткериў керек. Өзиңдей қызларға қара, олар оқып та биледи ,кеўил де көтереди».

Қыялына кирген усы ой кем-кем жүрегине уялап, жан—дүньясын азмаз да болса шайпалысқа салайын деди. Өзиниң өткен ислерине, қасына жом жуўыртпай, күлип келген жигитлерден азарда-безер болып қалатуғын әдетине өкинетуғындай түр билдирди. Қыялында әллекимге ашық яңлы сезилди. «Ашығы» көз алдында жийи-жийи келип турды. Ғайбана жигит тап китаплардағы сыяқлы сондай сулыў, сондай мүләйимдай еди. Бирақ ол оның ким екенин билмей-ақ қойды.

Сәрсембиниң бир сәтли күнинде ойламаған жерден Назар екеўи ушыраса кетти. «Сол, өзи!..» деди қуўанышында шек болмаған қыз. Бирақ жигит оған итибар бермеген усап өтип кете берди.

Қыздың жаңа ғана қуўаныштан дүрс-дүрс соғып турған жүрегин бир түрли ашынарлық сезим жалыны жалап өтти. Оның атын айтып «Бул мен ғой.. Мен—Ғафаргүлмен!» дегиси келди. Пайысы ... [illegible]

www.ziyouz.com kutubxonasi

ниң қыйығын қыз беттен айырмады· Қыздың киоскиден өте бере өзине айрықша бир нәзер таслап өткенин жүреги сезди· Оны киоскиниң тусынан өткерип жиберип, өзи де оның изинен әлленемирге шекем қарап турды. «Ҳақыйқаттан да сулыў екен... деген пикир сәўлеленди қыялына—Қәне, ким қораз екенин Ораз да билип қойсын!»

«Қарады, қарады...» деп ойлады қыз, изине қарап қоймаўға барынша тырысты. Ол ҳәзир тап түбинде, арқасынан қарап киятырғандай сезилди.

Ҳақыйқаттан ҳәм бул ўақытлары жигит оны өкшелеп келип қалған еди.

## XIII

— Әне айтпадым ба, Ораз да таслап кетеди деп...
— Анаў жорасының сықылы, ол қайда барады?!·
— Екеўи бир саздың, бөзи екеўиңә! н а е е е а
— Ким ким и ас и?—деп с қыстырыл-
д у и ши и ў·
— Қ мди у и и, Б р ы—дә!
—М и Н з - кети и д а ыр ызлар
м едим. Ек ўи ур и лг и б , би турмай-
ту н б ы ғ й·
— Уәй наў Б ар ў урса, дуйым ж р қ -
лы ·
— Ҳәй, ҳәй байл н!
О з бу л р и нақм -н қ, и с енен, и
гә й л ғ н и е ип жү ди· Оғ и -
рине д «О а к и ти» е и әплер қа -
ты тий . Бул д м д г ҳә и р иң а ы-б рисин
ж ти ө өйл м й ке ? Бс с Ба р-
д ас ап ке йин д и е и? Н д ң ке п қал-
ғ н , қ з б нен а п ушы ўға ер
е ке дегиси и о · Өзиниш б нәрс м и н
ис ни ж р и й и· А ы ғ уғ лмей қ ату-
ту ын м р н ц бол ғы йдан би ии!
Бир и пи и м и де ү и , ғ би и т ыры
алд · Г ең ын к и т т л л ..· М наў На-
з д ң к и қ лған ! Ал, «қ қ ы » а ғ й! Усы-
ның ыў н к м и и б лмей қы б қати -
с ы ү л· ил, үзи м қш б ын ди, жу т-



www.ziyouz.com kutubxonasi

тың гәп етиўи ғой былай турсын, бунық өзи дым мүмкин емес нәрсе екен. Ҳеш қандай ақылына бағынажақ емес. Бир-еки күн зорға-ақ шыдады. Қызға айтып жүрген сөзлери ядына түсе болды, өз-өзинен түңилип кетеди. Гәпиң басқа, исиң бәтен болып турса бола ма, ақыры?

...Гейде бир талабың келиспесе келиспей қояды. Үш-

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳақыйқаттан ҳәм қыздың ойы усындай еди.

— Айтшы, Ораз, Назардың ырастан-ақ қызы бар ма?—деп сорады ол бир куни.

Кутилмегенде берилген бул сораў және Назарды ядына салды. Негедур көўли бузылып кетти. Бир-бири менен хабарласпай жургенлерине, минекей, саррас бир ай болыпты! Растан-ақ қалған кеўил-сынған шийшедей болғаны ма? Ол Оразға не деп өкпелейди?—Оның менен жуўғарада сөйлесе алмайтуғынына көзи жетип турса да оған қандай да бир жәрдем бериўи зәрурдей сезиле берди. Қаншелли айыпласа да, ишинен негедур қатты аяп тур еди. «Зульфияға хат жазсам ба екен?» деди бир ойы ҳәм бул өзине мақул да тусти. Оған бәрин-бәрин—өзиниң өкпелегенине дейин қалдырмай айтқысы келди.

Базар:—Неге бир турли болып кеттиң? Яқшы, ол ҳаққында сорамайман,—дегенде барып, бас көтерип, өзиниң жалғыз отырмағанлығын сезди.

«Бул қыз неге тусинбейди?—деп ойлады ол—яки растан-ақ Назарды жақсы көрип жур ме? Бирақ жақсы көрди деп оны қалайынша айыплайман? Ал не ушын Назардың өзин жақсы көрмейтуғынын, көре алмайтуғынын тусинбейди! Қалайынша тусиндирсем болар? Бәлким «хат тарийхын» айтыў керекпе?!..»

Тилекке қарсы, бул «жаңалық» қызды қатты ойландырып таслады. Ол енди Назарды бурынғыдан да бетер жақсы көретуғындай еди.

— Аяп отырман,—деди ақырында ҳағынан келип.— Маған соңы усылайынша тамамланатуғын муҳаббатлар аянышлы...

Жигиттиң жан дуньясы «селк» ете қалды. «Бәлким биреўден алданғанды?... Ол ҳәзир Назарды бурынғыдан да бетер жақсы көриўи де, аяўы да мумкин. Әттең, Назар жақсы көрмейди дә! Бәлким, «суйемен-куйемен» деген болар. Неге өйтип алдай қойды екен? О, бийшара қыз!

Зульфия неге бул жағдайлар менен есапласа қоймады? Оның да көзсиз губелек болғаны-ә! Бәлким, оны ақылландырарман...»

Усы ойының өзине унап кеткени соншелли, Базар менен асығыс хошласты да, уйине келиўден, хат жазыўға отырды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## XIV

Аўыл елден сыртқарылаў шығып кеткенликтен олар ҳәдден тысқары «еркин» жасап атыр еди. Бир қалада бир жердиң топырағынан жәми болып үш қыз оқып атырса да, үш жаққа тартып, жийи-жийи кеўил қалыспалар да болып турды. Оларға «қой» дейтуғын хожа болған жоқ. Ҳәр ким өз билдигин ислеп жүре береди. Таң атқанда үйге келип кроватьқа сылқ етип қулай кетеди. Соннан кеш болғанда бир-ақ оянады. Оқыў онсыз-ақ өтип атыр. Кеўлине жақса бара қояды. «Қарыз» деген де бул заманда ар болмай кетти. Быйыл алмаса, ендиги жылы-ақ алады. Досларының бундай «ҳарам тамақ» болғанына Зульфияның жаны ашығаны менен пайдасы жоқ. Бир нәрсе айтса қайтама бетинен алады. Соңғы ўақытлары буған да китап оқытпаўға қарады.

— Көрермиз ғой илимпаз болғаныңды!—деп китап үстинен жыр шығарды сол күни де олар.—Бизлердей қыдырып, кеўлиңди көтермейсең бе, ақыры. «Назар, Назар!» дейсең де отырасаң. Тап бир Назарың изиңнен аңлып жүргендей.. Назар қайда, сен қайда!? Назарың да қарап жүрмеген шығар... Усы заманда жигитлерге исенип бола ма? Бизиң Гулочканы көрмейсең бе, күнде бир жигит пенен... Олардың ҳеш қайсысы да сениң Назарыңнан кем жигит емес.

— Көрдик ғой, Назар дегениңди,—деп мурнын жыйырып сөзге қыстырылды Гулочка деп отырған екинши қыз да.

— Уай, баяғыда да қатырып бапладық-аў! Зульфия күйеўге шығып кетти деп едик...

— Айтпақшы ертең биринши апрель ғой. Және бир баплап көрейик пе? Баяғыдан бери бир жылдай ўақыт өтип кетти ғой. Умытқан шығар.

— Тома, давай баплайық!—деп бул усынысты қуўатлай кетти Гулочка.

Олар хатты жибергенде де, ойыннан оймақ шығады деп ойлаған жоқ. Соң бул ҳаққында умытып та кетти. Жақыннан берли Зульфияның кеўилсиз жүриўи де оларға тәсир етпеди.

Хаттың арасының бүйтип үзилиске түсиўи, Зульфияның жүрегине әлле қандай бир немени жеткергендей болды. Ол сораўлы пишинде қызларға қарады: «Растан-ақ жиберип пе едиңлер»?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қызлар сонындай бийпарўалық пенен қолларын шаппатласып күлип жиберди:—Әне, айттық ғой баплаймыз деп!

Зульфия көп күнге шекем аўыл беттен келетуғын хатларды асығып күтти. Хатлар излинизинен келип турды. Бирақ оның ишинде ол излеген хат көринбеди.

Бир күни ойламаған жерден олардың адресине Ораз деп аталатуғын әлле кимнен хат келип тусти. Оның әлле ким емеслигин қызлар соң барып билди.

— Назардың жорасы,—деди Зульфия. Бирақ хат Зульфияның күткениндей болып шықпады. Еки қыз ойыннан оймақ шығатуғынын сонда ғана барып билди...

Қызлардың Назарға жазғанындай буннан көп жыл бурын усындай ўақыяның болғаны ырас еди. Ырас ол ўақытта оған бул мәселени шешиў аңсатқа түспеди. Елеге шекем кимди сүйетуғынын да билмейтуғын еди. Ол ойлады: «Екеўи де жақсы бала. Бирақ..»

Ол усы «бирақ»тың не екенин түсинип жетпеди. Тек келип-кетип жүргени болмаса балалар да өзлигинен ҳеш нәрсе айта қоймады. Жүреги олардан қандай да бир нәрсени күтетуғындай еди. «Сизлерде жүрек жоқ,—деп урысты соңлықтан қыз ишинен,—мен қалай сизлерге сүйемен деп айтарман! Оның үстине, мен кимди сүйетуғынымды да билмеймен ғой. Бәлким, екеўиңизди де сүймейтуғын шығарман..»

Ҳақыйқаттан да ол өз жүрегин түсинбей келген екен. Қашан Назар оған өкпелеп, көп күнге шекем бас көрсетпестен кеткенде ғана барып, ол жүрегиниң олардан емес, оннан қандай да бир нәрсени күтетуғынын анық билди...

Оннан берли де қанша ўақыт өтти дейсең! Усы аралық оның тек бир адамды сүйгенине, сүйетуғынына, ол да болса—Назар екенлигин исендирди. Августта, бул оқыўды питкерип барғаннан соң тойларды да өткережақ еди. Аяқ астынан тап болған мына хабар..

Оның барлық ҳақыйқатлықты айтып, Оразға жазып болғанша жаны жай таппады. «Оны бир ақылландырса, Ораз ақылландырады».

## XV

Зульфиядан хат алғанында, Ораздың қуўанышында шек болмады. Бул хаттың Назарды да сөзсиз қуўан-



www.ziyouz.com kutubxonasi

дыратуғынын, сөйтип, араларында ҳеш нәрсе болмағандай апақ-шапақ етип қайта досластыратуғынын көз алдына келтирди, сол заматта-ақ Назардың туратуғын үй бетине қарай қустай ушты. (Ол бул күнлери бир ағайинлеринин үйинде болып атыр еди).

Назар бул жерде жоқ болып шықты. Оны ҳеш жерден ушырата алмай-ақ қойды...

Ол ертеңине де, оннан соңғы күнлерде де ҳеш жерде көринбеди. «Көрдим, билдим» деген адам да болмады. Тек буннан үш-төрт күндей бурын ғана Сәрсен деген курсласы оның микрорайон бетте бир қыз бенен қол усласып кетип баратырғанын көрипти...

Усылайынша шыр-пыры шығып, жүргенинде алдынан Базар шығып қалды.

— Зульфиядан хат алдым. Бәри бийкар екен. Қасындағы қызлары ойнап жазған усайды,—деп—салды ҳал-ауҳал сорасып болыўдан-ақ.

Қыз Ораздың сөйлеўинен еки нәрсени сезгендей болды: Бириншиси—ўақыяның тәнҳә өзине болған шын жүректен қуўаныў болса, екиншиси—усы ўақыя арқалы екинши бир адамды да қуўантаман ба деген нeғайбыл үмитке қосылған «Оннан үмитинди уз» деп болып, айта алмайтуғын, ҳәттеки, өзи де не екенин сезбейтурған меҳир, өтиниш аралас ҳақыйқат бир тилек еди.

Хабар қызды ол ойлағандай қуўандырып та тасламады, қыз оның ойындағы екинши бир тилекти сезбейде қалған жоқ. Ол оны қашшан билер еди, қашшан да ол усы нәрседен қатты тәшўишленер еди. «Сондай бийҳазар жақсы жигит—деп ойлар еди ол—әттең... неге ол Назардан бурынырақ дус бола қоймады!?» Бирақ неликтен де тап ҳәзир мына хабар оны қуўандырмады. Бурында қуўанышлы емес жүзи әбден қуўарып, қәпелимде түри қашып сала берди. Миййне бир нәрсе тық етип урылғандай, ақыры, астыңғы ернин бир тиследи...

Ораз оған қуўанған қәлпинде қыйылып еле қарап тур екен. Көз нурлары қыз жүрегине қуйылып, қызды қандай да бир үмит сағымлары қайта тирилтти. Ол бул жигитти сондай жақсы көрип кетти ме дейсең! Жүреги ҳеш жағынан саңлағы жоқ тордағы қустың еркинликке шыққысы келгениндей тыпыршыр еди. Ол сол мәҳәли бул тордың бар екенин де умытып кетти.

Олар үнсиз түсинисти...



www.ziyouz.com kutubxonasi

## XVI

Усы күннен баслап олардың қатнасығы өзгеше түс алып атырғандай болды. Мүмкин, болғанынша бир биреўиниң кеўлин қалдырмаўға тырысты. Студентлик бас қоспа мәжилислер де, ҳәр қандай сейил-сайран да бир биреўсиз өтпес еди. Қыз жигитке бурынғыдай жумбақ емес, күннен күнге әжайып алтын қус сезиле берди... Ол бул қусты тезирек туғырына қондырғанша асықты. Бирақ, ол өзинде усындай нийеттиң пайда болып жүргенин бирден сезген жоқ. Бул ой өзинде Базарды ең дәслепки көргенде-ақ пайда балғанын билмеди. Ораз тек бир нәрсени—енди қыз бенен ҳеш қашан қатнасықты үзе алмайтуғынын түсинди. Қыз да қарсы емес еди. Ораз гейде көзге көринбей кеткен күнлери өзин бир түрли сезди.

Бирақ ондай қатнасық онша көпке созылмайтуғын еди. Екеўи олар танып билмеген белгисиз бир күш даўыл басын қоспаған толқынлардай жийи-жийи иркип турды. Жигит қәдимгише ҳеш нәрсени қыялына келтирген жоқ. Қыз болса, билсе де, белгисиз болған соң усы күштиң шырмаўына түсип, ҳәр ўақыт—ҳәр ўақыт өзинше ҳәлекленер еди. Усы шырмаўық, усы нәрсе оның ядынан шықпай-ақ қойды...

Бундай гезлери ол көпке дейин жигиттиң көзине көринбеўге тырысып жүрди. Ол оған талай сапар: «келме, тынышыма ғой!» деп айтқысы келди. Қыз усы сыяқлы ҳақыйқатлықты да айта алмады. «Не болса ол болсын!» деп еди ақыры.

...Негедур олар бир-бириниң қасларынан шыққысы келмеди. Узақ отырысты. Қандайда бир күш екеўин бир-бирине жақынластыра берди. Жүреклери қатты-қатты дүрсилдеп, тиллери гүрмелиўге келмеди. Өз ҳәрекетлерине қарсы турарлық күш жоқ еди оларда. Тек үнсиз бир-бириниң қушағына ене береди...

— Ораз,—деди қыз әлленемирде минайым ғана жигит жүзине қарап.

— Айтшы, ырастан-ақ Назар сениң жораң ба?

Ораз неге сорап атырғанын түсинбеди ҳәм ҳақыйқатлықты да жасырмады. «Демек...» деп ойлады қыз.

Жоқ, ол барлық нәрсеге бийпарўа қарамайды екен, онда да сезим, жүрек бар екен. Мынаң қара, ол бар-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лығын еситип атыр: Олар татыў дос болған. Ҳәм класлас, ҳәм жаслас, ҳәттеки, екеўиниң туўылған күни, саатына дейин бир екен. Ораз Ноябрьдиң 7-сине қараған түнде туўылыпты да, усыны өз көзи менен көрип кеткен Назардың анасы таңға жақын көз жарыпты... Ол Назарға ҳеш қашан да қыянет еткиси келмейди! Ол Назардың өз Зульфиясына қосылып, бахытлы болыўын қәлейди... О, олар қандай дос дейсең!

Жаңа ғана барлық дүнья жәннет көринип, жүреги жай таўып киятырған қыздың рәҳәтли сезимнен бийҳуш болып, лаплап атырған талдырмаш ыссы денеси ыссы суўға әлле қандай бир суўық ағым қосылып атырғандай әсте-әсте суўына берди. Жигиттиң өсик шашларын жипектей сыйпалап, тәртипке келтирип атырған нәзик бармақлары ләң болып қалғандай тоқтап қалды.

Жигит не болғанын түсинген жоқ. Базарды аймалап, бурынғысынша баўырына басқысы, тап усы рет ҳағыпан жарылғысы, ҳәттеки, оған үйлениў ойы бар екенин де айтқысы келди.

Айтып үлгере алмады. Қыз кәпелимде орнынан атып турды да, өзин жыйнап, бас-аяғын тәртипке келтириў менен, соңыңдай жылдамлықта бул өжиреден шығып кетиўге умтылды. Нениң не екенин түсинбеген бийшара жигит:

— Не болды саған, не болды саған?—деп атыр.

Қыз бәрин де сезди, бәрин де көрди. Оразды ишинен жақсы көрип аяды да. Аяса қәйтсин! Өзин тағдир аямады... Қыздың өзи ермек болған бул ашшы тәғдирге Оразды да ермек қылғысы келмеди. Тек ишинен жылай берди.

— Ҳеш, ҳеш,—деп жүзин көрсетпеўге тырысты.

Ләм-ләм демей қапыны ашты. Жигитке соңғы ирет қандай да бир жақсы тилеклер айтып, «мени изleme» дегиси келди. Айта алмады. Ол ҳеш нәрсени айта алмас еди.

Ақыры, сол үндемеген қәлпинде жылап жибериўге сәл қалып, өзин зордан-зордан иркип, тысқа шықты. Жатақханаға жеткенше асығады. Ол жерде ҳеш ким жоқ, қәне, бир қатырып жылап алса. Ол жерде ҳеш ким жоқ... Қәне, өмир қайтып келсе! Ҳеш қашан да жыламас еди. Ол өмирге келип еди, онда оңлы жүре алмады. Мине, енди жылап атыр...



www.ziyouz.com kutubxonasi

## XVII

Бул «тарийх» тың қалайынша тамамланғанлығы, тамамланатуғыны жөнинде еле ҳеш ким ойлап үлгерген жоқ еди. Бәлким, Ораз да бурынғысынша өз-өзине түсинбеўи менен қала берер ме еди, қолына ойламаған жерден усы дәптер түспегенде.

«Биреўдиң конспекти дәптери шығар?» деп ойлап еди әўелинде. Олай емес екен. Бир еки қатарын оқып көрип еди, өзине әлле ким арнаўлы таслап кеткендей туйылды. Ийеси әлле қайдан келип қалып, уялып қаламан ба деген гүман менен дәптер қалған скамейканың арылаўындағы басқа бир бос орынлыққа барып отырды. Оқып шыққанша жаны жай табар емес.

...«Бул қолайсызлық аяқ астынан тап болғандай болды. Қашан, қалай—оны да айтып отырмай-ақ қояйын. Қулласы, мен бул ўақыядан соң бир мүшемнен айрылған адамдай зар-зар жылап қала бердим. Ол сол кетисинде қайтып қайрылмады. Соңырақ еситсем, басқа да бир қыз бенен жүрген екен...

Мен бул ҳаққында тис жарып ҳешкимге ҳеш нәрсе айтқаным жоқ. Тийисли орынларга да бармадым: айтыў, барыў—мен ушын тирилей бир өлим еди. Сонлықтан кемпирлер айта беретуғын қудайдың не салғанын күтип, өлим жазасына буйырылған адамның өлим саатын күткениндей басыма түсетуғын қандай да бир аўыр мүсийбетти күн санап, саат санап күтип жүрдим. Жасыратуғыны жоқ, айлар өтип, белгили күн таялған сайын ҳүрейленип қарныма қарай берер едим. Маған барлық қәўип усы тәрепимнен дөнетуғындай еди. Бирақ, бахтым шығар, мен қандай да бир себеплер менен бул «жамғыр» дан аман қалдым...

Буннан кейин-ақ мен өзимди дурыс бийлеп, жақсы жолға түсип кетиўиме болатуғын еди. Мен негедур усылайислей алмадым. Өтмишти умытып, пирге қол берген суўпыдай бирден сул-сулыў болып шыға келиў маған аңсат түскен жоқ. Мени қандай да бир белгисиз күш азап отына жақты да қойды. Өзимди көп нәрселерге ийе болыў ҳуқықынан айрылғандай сезе бердим. Биреўди сүйиў, биреўге яр болыў—маған мүнәсип еместей сезиле берди. Өзиме күле қараған жигиттиң алдында қымсынып, көзине қарамаўға тырысатуғын едим.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Олар меннен қорқынышлы қандай да бир нәрсени сорап қалатуғындай еди.

Бирақ булайынша узақ жүре алмадым. Қашанғы қымсынып өмир сүресең. Мениң де өзимдей қызларға усап жайнап-жаснап жүргим келер еди. Бәрибир, жол тауып кетиўим қыйын болды. «Жағдайым» басқаларға усап жүриўге барлық ўақытта тусаў болды да турды. Гейде ақылды да тусаўлап, кететуғын қандай да бир нәмәлим күш мениң өз дегениме қойды ма? «Әй, не болса, ол болсын! Еки бастан» деген келешегиме болған немқурайды бир гүңгирт сезимниң жетегине қалай ерип кеткенимди өзим де билмей қалдым...

Енди маған бәрибир еди. Келешек, жаңа турмыс, жақсы күйеў, бала-шаға—ол ўақытлары бул мәселелер менен қызықтырған жоқ. Мениң қызыққаным, мениң ойлағаным...

Мен оны да тап усындай ҳалда ушыраттым. Ол өзиниң күлдирги сөзи, кеўилли пишини менен бирден унады. Гәптиң басы ҳәзилден басланды. Мен де ҳәзилге ҳәзил менен жуўап берип ҳәм үйреншикли намаға салып, аўзыма келген бир исимди айта салдым. Изин ала өзимди өзим бийкарлап күлип жибердим. Оған мен ким болғанда бәрибир емес пе?

Жоқ, оған бәрбир емес екен. Мен оны бирден биле алмай қалдым. Мениң қыялымда пүткиллей басқа нәрсе тур еди. Бир ирет келгенде:

— «Тандырды қызғанда жап» деген—дедим!...

Усындай болады деп ким ойлапты!? Дүньяда адам ҳужданынан күшли ҳеш нәрсе жоқ екен...»

Ораз буннан аржағын оқый алмады. Дәптер ирени қаншелли қара болса ондағы тәғдирлер де соншелли қара еди. Ондағы ҳәр сөз, ҳәр бир қатар илгери оқылған сайын жигит жаны менен жақынласып келе берди. Мына қатарлар тап өзи ҳаққында айтылып атырғандай сезилди. Ол дәптер ийесиниң ким екенин де билген жоқ. Бирақ ол бул дәптерден қандай да бир сырларды түсинип билгендей болды. Ораз бул жазыўлардан өзи сүйе жазлап қалған Базаргүлдиң жүрегин көрди. Ол Базарға енди ғана түсинди...

## XVIII

Назар, бәрибир, Зульфияға үйлене алған жоқ. Аэропортта Зульфияны тек Ораз күтип алды. Қыз жүреги



www.ziyouz.com kutubxonasi

бир немени сезип үлгергендей болды. Әўелинде «бәлким, бир жерлерде жасырынып турған болар» деп ойлап та көрип еди. Назардың ҳешқашан да бүйтип ойнамағанлығын есине алып, бунның тек мәзи қыял екенин түсинди. «Ырастан-ақ исенген екен деп ойлады,— зыяны жоқ, барғаннан соң өзи-ақ екпелегенин умытып кетеди».

Екеўи нәҳән чемоданларды көтерип, шайханаға келди. Ораз еле үнсиз киятыр. «Ораз да сөйлемейтуғын болып кетипти ғой,—деп ойлады қыз,—яки бул да исенбей ме екен?».

— Түсинемен, сизлер маған екпелеп жүрсизлер,— деп гәп баслады қыз мына үнсизликтиң айыпкери «сол нәрсе»дей сезип (қайдан билсин, жигиттиң ишиндегисин шығарыўға жол таба алмай отырғанын!).

— Мейли, соң өзлериңиз-ақ түсинесиз, оған да түсиндиремен.

«Айтсам ба екен?—деп ойлады жигит.—Бул не сүйинши сораў ма? Бирақ айтпай қалай!?..

— Кешиктиң...

Бул сөздиң аўзынан қалай шығып кеткенин билмей қалды. Қәне, енди түсиндирсе алса!

— Не дейсең?!—Қыз аңырайған қалпында Оразға тигилип қарап қалыпты. Жигит айыплы адамдай төмен қараўдан басқа ҳеш нәрсеислей алмады.

Қыздың аўылға келгеннен кейинги жағдайы жүдә қыйын болды. Барлығын байқап көрип атыр. Ис өткеннен соң, пайдасы не!? Жалғыз жубанышы Ораз ғана. Ара-тура келип, кеўилин көтерип кетеди. Кеше Назардың «кеширсин» деп атырған хабарын алып келди. Кеширип қойса, ҳаялын жибергендей де ойы бар екен.

Жәнe ақмақлық! Қалай кеширеди?! Назар өзиниң ким екенин ойлай ма екен? Муҳаббат па? Ырас, ол Назарды бир ўақытлары шын берилип сүйгенгуғын да еди, ҳәзир де сүйеди, қосылар да еди. Бирақ, ол Зульфия сыяқлы жәбир-жапа дегенниң не екенин билмейтуғын екинши бир жүректи және жаралап алмай ма? Ырас, Сапаргүл оны сүйеди екен, ырас, тәғдир солай болған екен, бул пүтинлик бузылмасын. Бул «тарийх»қа гүнәкар Сапаргүл емес ғой, ақыры.

Көз алдына он алты—он жети жаслар шамасындағы еле балалық кейпи басым, кишкене сулыўшық қыз Са-



www.ziyouz.com kutubxonasi

паргүл келип турды. Ол Зульфияға бир түрли жаман көз қараста аларып қарайтуғын сыяқлы. Қалай енди бул жипа-жиксиз көзлерди жасқа толтырып селдей ағызарсаң!? Ол еле жәбир жапа, алжасық, айралық дегенлердиң азабын тартқан да жоқ. Мейли, тартпай-ақ қойсын!..

Көз алдына Назар да келди: «Ол усыны түсине ме екен? Неге маған соншама тесилип қарап қалған!? Мүлайым, жалынышлы көзлер.. Несине қарайды? Және жазықсыз көз жасларын ағызғысы келип тур ма? Мүмкин емес! Енди ол анаў жипа-жиксиз көзлерге қарасын, соның көз жасларын ағызбасын. Қыз оны сүйип те, қәдирлеп те биледи.»

Зульфия бурын бундай нәрселерди ойына да келтирмейтуғын еди. Тек туңғыш муҳаббат, туңғыш көзе басына тийгеннен кейин ғана жаны ашып айтып атыр. Болмаса ол Оразды да көз алдына келтирейин деген жоқ. Мине, оның сүўрети, мине оның көзлери.. Бахыт тилеўши көзлер, кисиниң бахты ушын гүреспўши көзлер! Қандай жақсы жигит дейсең! Ораз Назар менен Зульфияның бахытлы болыўын қаншама тиледи. Иләж қанша, ҳеш итималы жоқ, Зульфия бәрибир, Назарға қос бола алмады. Қалай енди, бул жигит өзи ҳүрметлейтуғын, бул қымбатлы қыздан айырылып қала береди?! Не ушын ол Зульфияның қасынан шыққысы келмейди? Қыз, бәрибир, жорасының қымбатлысы бола алмаса.. ол набада биреў менен кетип қалса... оған қандай аўыр дейсең!.

## ЭПИЛОГ

Кәпелимде ертек усылайынша ҳақыйқатлыққа дөнипти де, нессерлеп жамғыр қуйыпты.

Қас қағымда болып өткен бул жамғыр онша узақ жаўмаса да, жердиң ийнин шығарып, жап-салма, ой-шуқырлары шалшық суўларға толтырыў менен қатар, жол атаўлысының бәрин дизден балшық етип, адамлардың әбигерин шығарып тасллады.

Жамғыр тынған менен, жуўғарада күнниң көзи ашылып кете қойған жоқ. Назар еле айнаның алдынан шықпай отыр.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Биреў отырғызып кеткендей еле отырсаң ғой,— деп қасына бир-еки ирет келип кеткен Сапаргүл менен де оншама иси бола қоймады. Жол беттен көзин айырар емес. «Тезирек күн шықса болады ғой!?» деп жийи гүбирлеңнин қсяды нишинен.

Усылайынша қанша қарап отырганы белгисиз, әллеңемирде:

— О, күн шықты!—деп баладай қуўаныўы менен орнынан ушып турғанын өзи де билмей қалды. Көзлери кем-кем күлимлеп, жүзине азмаз шырай енейин дегендей болды.

Бул ўақытлары ол көз жиберип отырған институттың қарсы алдындағы кишкене майданшада өзиндей жас жигитлер тап базар күнгидей ийин ийнине тиресип, өзлеринше қандай да бир қызық нәрселер менен машқул болып жүр еди. Биреўлери чемодан, рюзакларын бир шетлеў қолайлы жерге жайластырып қойып жүрсе, жәие биреўлери қолларындағы гитара, рубаб усаған саз әсбапларының қулақларын олай-булай таўластырып, нәзик тарларын «дыңғырлатып» көрип атыр. Араларында қыз-балалар да бар.

— Хәммс келип болды ма—деди соның арасында камбизонның көкирек тусына «СМО» деп жазылып, қандай да бир техникалардың сүўрети салынған эмблема қадаған бир жигит оларды бир жерге жәмлеп алып.

—Хәмийдовадан басқасы келди.

— Базаргүл ме? Әне, ол да киятыр!

Хәмменің дыққаты чемонданларын майыса ийнлип көтерип, алыста асыгып жүрип киятырған жалғыз қыз тәрепке аўдарылды.

— Анаў күнлери бармайман деп атыр еди ғой?!

— Не, барғанын жақтырмай турсызлар ма?

— Неге? Арамызда хош хаўазлардың болғаны қандай жақсы!

—Пай, жүдә сизлерди жарылқап киятырғанды дейсиз бе?—деп биреў мырс етип күлип жиберди.—Анаў Оразға киятырған ғой...

— Әне, ашық-машықлар ушырасты!—деди және биреў буған қосымша.

— Ораз, кешнрерсең, бармасам болмайды екен.— деди Базар чемоданларын жайғастырып қойып, сәлемлесип алганнан кейин.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Аппақ пахталардың арасында ақ қуўдай қалықлап, штурвалда отырып, пахта терген қандай жақсы! Ораз оған бир немелерди айтпақшы болып оқтала бергени, өзиниң атын айтып шақырған биреўдиң даўысын еситип, ойы бөлинип қалды.

— Ҳаў!—деди ол даўысы шыққан жаққа қарап турып.—Мынаў растан-ақ Зульфия ма?!

Расында да, нәҳән бир гүжимниң жанында қандай да бийтаныс жигит пенен Зульфия әлле не туўралы сөйлесип тур еди.

— Сапарыңыз бенен!—деп күлимсиреп қолын созды Зульфия Ораз қасына келгеннен кейин,—шығарып салайын деп киятырғанымыз...

Айтпашақ, танысып қойың, мынаў мениң кәсиплес достым.

— Еки жигит атларын айтып, қайта қол алысты.

— Муғаллимлердиң семинары болады деген менен кеше келип едик... деп қысынған түр билдирди бийтаныс жигит.

Олар узақ сөйлесип тура алмады. Студент-механизаторлардың күни менен күтип турған автобуслары да әлле қайдан жетип келди. Көп узамай:

— Ораз, Ораз!—деп шақырған жигитлердиң даўыслары да еситиле баслады.

—Ҳәзир, ҳәзир!—Ораз Зульфиялар менен асығыс хошласты да, автобусларға қарай жуўырып кетти.

...«Бәри питти!..деп бир суўық демин алды усы көринислерден көз айырмай қарап, айнаның алдында қаққан қазықтай қалшыйып отырған Назар.—Әй, бийтаныс жигит, сен қандай бахытлы адамсаң!»

Жүзи аппақ қағаздай қуўарып, мийи айланып көзиниң алды тынып баратыр екен.

— Гүздиң де келип қалғаны-ә!—деди ол жуўап орнына өзиниң қандай ҳалатта отырғанын сездиргиси келмей.—Енди күнниң суўытқаны, суўытқан...

— Әй жаслық, жаслық!—деп бас шайқады апасы да ҳеш нәрсени сезбегенсип.

Аналы-балалы сораўлы нәзеринде бир-бирине тигилиўи менен турып қалды.

**Октябрь—1976—Нөкис.**
**Май—июнь—1977—Спасск—Дальний.**



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЕСКИ НАМА

Баслық апай десе, ауыл үриккен қойдай уйлығысып қалса да бизиң үйдиң иши жайма-шууақ. Ол да ауылға келсе, үйге басын бир сукпай кетпейди. Әсиресе, соңғы бир-еки айдың ишинде жүдә жийи келип, хәр сапары апам екеўи әлле не үстинде узақ сөйлесип отырып қалатуғын болды.

— Апа, бул неге бизиң үйге көп келеди?—дедим бир күни ол шығып кеткеннен кейин.

— Жақын достым ғой, балам. Бир ўақытлары бирге ислесип едик,—деп апам да бетиме таңырқана қарады. Буннан соң екеўиниң бирге депутатлыққа сайланғанлығы, өзиниң мени туўғаннан соң жумысқа арал... алмағанлығын өкиниш айтып берди.

— Сени бир хәмелдар етпесем,—деп қоятуғын еди баслық апай гейде ағама да.

Ол сөзинде турды. Бир күни почтальон ағам бөлимниң оттай агрономы болып шыға келди.

— Аға, сен оқыў питкерип пе едиң?—деймен ҳайран қалып.

— Хәй, балам, басың искен екен. Үлкенлердиң гәпине араласпа,—дейди ағам гүмилжип.

Буның не екенин түсинбей-ақ қойдым. Деген менен, ағамның агроном болғаны бизлерге иоп бемады.

Бул тек орта мектепти тамамлаў алдында ... ған қыз апама жақпас еди. Мениң нәзеримде ол әлле нәрсеге қападай.

Бир күни бунын да сырын түсингендей болдым. Оқыўдан қайтып киятыр едим. Алдылаўда киятырған әжапам үйге жақынлаўдан, бир нәрседен тиксингендей турып қалды. Үйдиң алдында баслық апайдың машинасы тур екен.

— Мени сораса, хәзир келеди—дерсең,—деди де досты Ақсүңгүлдиң үйине қарай жуўырып кетти.

Үйге келген соң апам оған қатырып урысты ма дейсең! Рысгүл бир неме айтпақшы болып оқталып турды да, өксип жылап жиберди. Дым аяп кеттим.

— Тәндыры шыққай сол кетигиниң!—деп бир немелерди гүбирледи.—Ауылдың бәри айтады, жолатпа үйге!

Оның менен баслық апай үйге келгенин туўара қоймады. Апам да оларға ләм-мим демеди. Ағам болса жа-



www.ziyouz.com kutubxonasi

цадан жай салыўдың ғамында. Баслықтың машинасы есигимизге бир күни ағаш тасып, бир күни тас төгип зыр-зыр қатнап жүр. Ара-тура баласы да келеди. Қызық бала, бизиң Рыстың қасынан шықпайды. Рыс бундайда терис қарап отырады да, ямаса сабақ таярлайтуғын бөлмесине кирип кетеди.

Баслықтың баласының аты Сәбийт еди. Оны көптен билер едим. Бир сапары көшпели киноны тамашалап жүр едик, әжапам бесинши бригададағы бирге оқыйтуғын классласы Мурат пенен әлле не үстинде күлисип тур еди. Сәбит шошаң етип қасларына барды да, Муратты жеңинен тартып былай әкетти. Еситип турсам, сылтаўы—«неге сәлемлеспейсең?». Бир ўақлары екеўи айқаса кетти.

Соннан берли Сәбитти онша ұпата бермеймен. Папирос берип, басымнан сыйпалағанға жақсы бала шығар десем, өзи де төбелескиш қусайды, оқыўын да таслап кетипти...

Сол жылы жазда әжапам орта мектепти тамамлады.

Пахта терим басланыўдан ўақыя ойламастай болып өзгерип кетти. Аўылға институттан жәрдемши жаслар келди. Институттың «балалары» жақсы болады екен, ҳеш урыспайды. Шаршамайды да екен. Кеште аўыл иши ўақ-шақ қосық айтып, саз шертип атырғаны. «Жақында аўылға да концерт қоямыз» деди. Биреўи «Айтпырып қойған қыз» деген пьеса да жазыпты.

Апам Рысгүлди ары-бери атызға жибермейжақ болып еди, Рысгүлдиң өзи:

— Журт пенен бирге болайын,—деп кетип қалды. Соннан кейин апам оның қасына үкем екеўимизди қоса жиберип қойыпты. «Қасынан шықпаң» деп тапсырады күнде азанда.

...Ҳайран қалдым: Олар екеўи ески таныслардай дусласты. Бири-бирине қарап, бираз ўақыт турып қалды. Соған қарап «таныпп тур екен-аў», деп ойладым. Бирақ негедур иллә деп аўыз ашпады, сәлемлеспеди де. Соң әсте-ақырын қанаға бармақларын апарып, шаққан-шаққан терип кетти. Деген менен, анадай жерге бармай-ақ қайта қарасты...

— Ол ким?—деген сораўым да жуўапсыз қалды.

Соң байқасам, пьесаны жазып жүрген сол бала екен. Ол соңынан мениң менен досласып кетти. Мениң менен деймен-аў, аўылдағы барлық кишкене балалар-



www.ziyouz.com kutubxonasi

дың қасынан шықпайтуғын болып алды. Күндиз пахта терисемиз, ол, бәрибир, алмайды. Қайтама терип береди. Кешқурын бәримиз бизиң үйдиң алдындағы трактордың гөне рамының үстине күстай қонақласып аламыз. Ол бизлерге тамда жасаўшы Карлсон ҳаққындағы гүррицди айта баслайды.

— Атың ким?—деп сорадым бир күни.

— Полат,—деди. Бизлердиң атымызды биледи екен. Үкем ҳайран қалып:

— Ананы да таныйсаң ба?—деди сол ўақытта суў алып өтип баратырған әжапамды көрсетип.

— Яқ... Полат мыйық тартып күлимсиреўи менен оның басынан сыйпалап қойды.

— Гийсгүл, Гийсгүл,—деп таныстырды ол, соны да билмейсең бе дегендей. Шынында да билмейди екен.

— Ҳаў, Қәллигүл емес пе еди?—деп таңланды ол. Мен оған аўылдағы ҳаяллардың барлығы атын айтпай Қәллигүл дейтуғынын айттым. Бул, бәлким, кинодағы қызлардың қалындай сулыў қалы болғанлығынан шығар.

Тап усыны мақуллағандай әжапам да бизлерге бир көз таслап, тусымыздан өтип кете берди. Сезип турман, Полат оның изинен қарап тур. Бети аз-маз қызарайын деген. Түсинбей-ақ қойдым, ол неге қызарды екен?

Карлсонды айтып болып, тарқасайын деп атырған гезде, ол қолыма қандай да бир журналды берип атырып:

— Қәллигүлге!—деди.—Түсирип алма, кеше алып едим.

Түни менен әжапам уйықламай шықты. Не қылып атыр екен деп қасына барсам, жазып атырған қағазларын жаўып таслап, китап оқып отырған болады.

— Қәне, қандай китап?—деп жүрип мен де жазыўлы бир қағазларын қалтама бастым.

— Мен де китап оқыйын,—деген сылтаў менен қағазды «Балалық шақ» тың арасына салып, қатырып оқып шықтым да билдирмей ғана орнына апарып қойдым.

Маған түсиниксиз бирнеңелер... «Сәлем, Рысгүл!» деп баслапты.

Бир атың—Қәллигүл, бир атың—Рыс,

Шынына келгенде, қайсысы дурыс?—деп басланату-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ғын бир-еки куплет қосығы бар. Бирақ бир жаманг жери «урныққыр» Сәбит оған да күш көрсетипти. Ҳимм... көзи неге көгерип жүр десем...

Бул жағдайларды меннен басқа адам билген жоқ. Соң олардың не ислеп, не қойып жүргенин де билмей қалдым. Бирақ бир күни жасырынбақ ойнап жүргенде олардың сүйисип турғанының үстинен шығып, қатты уялып қалдым...

Уялдым деймен-аў, оларды жек көрип кеттим. Сол күннен баслап Полат пенен сәлемлескенди де қойып, әжапама желкемди көрсетип жүрдим.

Усындай болып жүрген күнлеримниң биринде студентлер оқыўына қайтып кетти. Мен сонда барып өзимниң Полатқа баўыр басып қалғанымды сездим.

Той жаңа жылдың кириўине қарап тур екен. Гейде қыз апам кешке таман айна алдындағы зәңгиге сүйенип, қалаға қарай көсилип жатырған жолға узақ телмирер еди. Бирақ оның неге өйтетуғынын мен де оңлы билмес едим.

Апамлардың да өз-ара сыбыр-сыбыры күшейип, аўылда «Рыскул усы сәрсенбиде узатылайын деп атыр екен» деген гәп тарады.

Тап соннан бир күн бурын әжапам азаннан кешкешекем үйден шықпай жатып алды. Кеште де аўқатын ишпестен, апам менен урысып, жылаўы менен уйқылап қалды.

Азанда әлле неден шоршып ояндым.

— Қыз жоқ! Қурып қалдық; қурыдық...—деп апам жер тоқпақлап жылап отыр екен. Өжирениң айнасы айқара ашылыўы менен қалыпты...

Неликтен екенин билмедим, көз алдыма бизлерге ертек айтып отырған Полаттың сүўрети елеслеп кетти. Ҳәтте, «мә, мынаны Қәллигүлге» деп күлимсиреп баяғы журналды берип атырғандай...

— Баап, баап!

Сыртқа қарай оқтай атылдым. Суп-сулыў етип безелген Сәбиттиң машинасы!..

Сәбит машинасынан салдамлы түсип киятыр. Лекин, оны да мен еситкен:

— Қыз жоқ! Қурып қалдық, қурыдық!—деген ашшы даўыс ғана күтип алды.

---



www.ziyouz.com kutubxonasi

асығар еди. Қалай болмасын сезимин жеткериўге тырысты. Жүрек тасқыны хат жүзинде суўдай ағылды. Бәрибир, бундай хатлардың бәрин жибере алмады. Қанша сүйдим дегенде де қыз балаға уят ғой...

Деген менен, жылтыраған айды жапырақ пенен жасырып қалыўдың өзи қыйын еди. Қайткенде де, оның сәўлеси суў бетине түсип турды. Хатлардың реңкиниң мәнис—мазмуныны ң усылайынша әсте-әсте өзге түс алып барыўы жигитке кем-кем түсиниксиз туўыла берди. Оның жүреги бул ҳақыйқатлықты қабыллай алмады. Түсиниги гүңгиртлесип, жүреги шоршынайын деди. Оған енди келип турған сызығының өзи алабужыр қандай да бир думанлы перде болып көринди. «Ол қалай айтады, ол қалай айтады?!—деп қолларын сермелеклеп сөйленип шығар еди, гей ақшамлары—Мениң айта алмай жүрген сезимлерим ғой...» «Қараңғыны» қақ жарып киятырған бул күшли жақтыдан оның көзлери қамасып, қолларын қақпалаў менен кейин шегине берди.

Жүректеги усы салқын леп хатта өз сәўлесин таппай қалмады. Хатлар да тап бир суў түбине кетип баратырған адамның сезиминдей ықлассыз, ушқынсыз жазыла баслады.

Солай етип, ол айдың ҳақыйқат ай екенлигин көрсетиўге барынша күш сала баслады. Түнлер бойы жумыс столында қадалып отырып алды. Кистлери қағаз бетин кириндей түрткиледи, бояўы көз жасындай қоса сүртилди. Әллеқемирде көзлери шоршып түскендей, қағаз бетинде жаўдырап көрине баслады. Қыз гә айнаға, гә қағазға қарайды, өз көзине өзи исенер емес! Көзлер сондай көзлер еди—онда жүрек бар еди. Жүрек сондай жүрек еди—онда қыз сезими жулдыз болып жанып турды. Оннан тек сүйген жүрек ғана «сүйемен» деген сөзлерди оқый алар еди.

«Садақ оғы» нышанаға дәл тийди. Тийгенде де нәзик жерге тийип, алтын жипти үзип түсти. Көзлер жигитти сескендирип жиберди. «Сөзлер» оны аймалап, қайта-қайта сүйип атырғандай туйылды. Ол сасқалақлады, ҳеш нәрсени көргиси келмегендей көзин жумды, кейин шегинди. Әлле кимнен бетин алып қашып, әлле кимди «Жоқ, жоқ!» деўи менен кейин ийтерди. Көзлер оны қуўалай берди. Бундай ерси, бундай жеркенишли нәрсени ол ҳеш ўақытта көрген жоқ. Уяты бетине шығып, ети шоқтай жанды, қәҳәри келди. Сүўретти туў-



www.ziyouz.com kutubxonasi

рап-туўрап тасламақшы болды· Қандай да бир күш қолын иркти.

Ол көп ўақытларға шекем өзине келе алмай жүрди. Бир күни өзинен-өзи столға келип, өзи де түсинбейтуғын қандай да бир хат жазды. Онда мынадай сөзлер жазылған еди: «Билмеймен неге екенин, мен өзимди баладай сезе беремен. Усы күнлери оқыўдан басқа нәрселер менен онша исим болынқырамай жүр»...

Соң еки тәреп те тым-тырыс болып кетти.

Усылайынша алтын—зер ўақыт шаңында эсте-эсте көмиле берди...

* * *

Ол және хатты оқыды, және сүўретке қарады. Сүўретке қараған сайын қарағысы келе берди. Қарсы алдында сүўрет емес, тап оның өзи усы кәлпинде қыйылып қарап турғандай болды. Өзин-өзи тута алмады. Оны баўырына барынша тартып, сүйип-сүйип алғысы келди. Қандай жақсы қыз еди дейсең! «Сонда мен нени түсинбедим?—деп ойлады ол.—Қыз жүрегин бе? Сүйемен деген сөзлерди ме? Жүрек сезимине толы дәсте-дәсте хатларды ма? Бәлким, сол бир сыйқырлы сүўретти шығар... Яки мына хатты ма?».

Жоқ хат соң келди. Онда ол бүгингидей күшли тәсир де еткен жоқ· Оның үстине, бул оған емес, жорасы—Бекполаттың атына жазылған хат еди·

«Сонда мен нени түсинбедим?—деп қайталады ол және.—Түсиниксиз ҳеш нәрсе де жоқ еди ғой· Қыздың сүйетуғыны да ырас еди. Ал, мен сүймейтуғын ба едим?!

Әне, мен усыны түсинбей қалдым· Өзимди, өзимниң сүйетуғынымды түсинбедим· Мен өзимниң майда, ҳүрейли сезимлеримниң көйлеңкесинде жаңа-жаңа урқан атып киятырған уллы сезимимди көмип кеттим· Ойда жоқта студентлик жылларды «документлери» арасынан табылған мына сүўрет мына хат»...

Ол хатты және бир қайтара оқып шықты· «Айтшы, Бекполат,—деп жазылған еди онда,—неге ол хат жазғанды қойып кетти? Қайта-қайта хат жазып атырман· Жуўап жоқ, Ойланаман· Кеўлине тийгендей сөз айттым ба екен? Жоқ, айтпағанман. Онда неге өкпелейди? Ол



www.ziyouz.com kutubxonasi

бизлердиң дослыгымызды, оның нәзиклигин, оның мәңгилигин түсинип жетиў керек еди ғой!»

«Оның мәңгилигин, оның нәзиклигин»... деп қайталады ишинен. Жүреги әлле неге алып-ушып турды. Оны көргисн, қушағына қысып, сүйип-сүйип алғысы келер еди. Қандай сүйкимли қыз еди дейсең!

Оған бәри, бәри буннан үш жыл бурынғыдай, ҳеш нәрсе өзгермегендей, бәри сол қәлипиндс, бәри сол күйинде сезилди. Ол көз алдына буннан үш жыл бурынғы Шураны, буннан үш жыл бурынғы Жеңисбайды келтирди ҳәм ол хеш қашан да тап усы ўақыттағыдай өзин бахытлы сезип көрген жоқ.

«Оған бәрин-бәрин айтыўым керек,—деп ойлады.— Ол ҳәзир қайда екен?»

## АҚ БАСҚУР

*Гүрриң*

Басқур еле тоқыла қоймаған еди. Тоқыў оның ойында да жоқ еди. Бул ой өзи кәнелимде пайда болды.

Сол күни ол жумысынан күндегиден де кешлетиңкиреп шықты.

Қараңғы болса да, бағдың иши менен туўрылап жүргенди мақул көрди. Жол өнер емес. Аяғын еплеп басып зордан киятыр. Гейде мас адамдай қаңғалақлап кетеди. Бағ иши де тастай қараңғы. Қала берсе, самалдың гүўили, жапырақлар шытырлысы.

Ол үлкен бир алма ағашының түбине келип иркилди. Алға жүриўге жүреги даўамай тур. Сырт-сырт... қуўраған терек путағы шытырлап сынып атыр. Аяқ астында жапырақлар үзликсиз пышырлайды, биреўлер сыбырласып турғандай.

«Ыҫрас, шынында да, биреўлер сыбырласады. Жети түнде бул кимлер екен-әй?... «Ана азы-кем қулағын тосып тыңлап турды.

— Сөйтип сүйгениң бар екен ғой?

— Бар болғанда қандай! Ондай қыз жоқ дүньяда...

— Маған көрсетесең ғой—ә?!

— Көрсетиўдиң кереги болмас деймен.

— Сен өйтип айныма—дә!

— Айныганым жоқ. Сен өкпелемесең, ҳәзир-ақ көрсетейин.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Сүўрети бар ма?

— Жоқ өзи.. Тап ҳәзир қасымда мениң!

Сыбырлы шадлы күлкиге уласып кетти. Ана, «Айтпасаң да билдим, шырағым,—деп қойды ишинен.—Жумыс, жумыс... Айналайын-аў, ержеткениңди сезбегеним бе?»

Ол әсте кейин шегинди де, аяғының ушынан басып, бағдың сыртынан айланып жүрип кетти. «Алла, узағына қуўанта бергейсең! Бул күнге де жетер күнлер бар екен-аў!...»

* * *

Бул онша дәскели де хожалық емес еди. Дүнья жыйнаўға қызықпады да. «Дүнья деген қолдың кири. Ишип-жеўге зәрүр болмасаң болғаны ғой. Балаларым—байлығым емес пе?» деп жүре берди. Сонлықтан, азғана дүнья менен-ақ басы—булақ, аяғы—теңиз болып шалқып жасар еди. Енди байқап қараса, дүньяның да керек күнлери бар екен...

Ананың жақыннан берги ҳәрекети тап бир зықна адамлардың қылўасына усар еди.

Үйде не бар, не жоқ—бәрин көзден өткерип шықты. Үйиши де бурынғыдай емес. Азғана дүнья жарасықлы жайғастырылып, салыўлы төсек, салқын үй дегендей бәри жүзикке қас қондырғандай болып турар еди. Үйде не гөне, не тозған, мүмкиншилигинше жаңартыўға тырысты. Көрпе-төсеклер қайта сырылып, шылт жаңа таўарлар менен қапланып қалды. Айында—жылында бир ашылатуғын жаман арша да күн узаққа сықырлыдан бери кетпейди. Алақандай таўар тапса да салып атырғаны. Қарар табар кеўил жоқ. Баласы уйықлап қалады. Ол таўарларын алдына жайып, ҳәр қайсысын бир услап, олай бир аўдарып, былай бир аўдарып отырғаны—отырған. Бир татлы ойларға шүмеди ме дейсең!.. Сонда не ойлады екен бул байғус ана?

Буны өзинен басқа тири бенде билген жоқ. Қоңсы-қоба: «Ҳе, бийшараның қолы узарайын деген екен» деп қойысты. Және биреўлер.. Ах, қәйтерсең! Баўыр ети баласы да түсинбеди-аў буны. Анасы әлле қашан «урлығын» сезип қалғанын қайдан билсин! Ол өзинше төбеден түскендей дүк еттиремен деп ойлады—аў..

Ой, сада жаслық—ай!»—деди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ана билдирмеди, бала билмеди. Екеўи де өзлеринше өз ҳәрекети менен машқул болып жүре берди. Ананың азғана қолы саўа болса болғаны. . Сөйтпесе бола ма, ақыры. Ким билипти, ертең-ақ . . .

Ана аннан-мыннан табыстырған жүннен кишкене ғана бир кийиз шығарғанында, қандай қуўанды дейсең! Кеўли бираз жәмленгендей болды. Деген менен, қандайда бир нәрсе еле жеткиликсиздей сезиле берди. Сол нәрсе болса, бәри де болатуғындай. Ол нәрсе еле ҳеш кимге белгисиз еди. Ана не екенин билмей арсар. Бирақ, бир нәрсе . . .

* * *

«Өз алдына отаў тигиў...

Жатса-турса ананың есинен усы ой шықпай-ақ қойды. Көптен берги нәмәлим нәрсе де усы еди.

Бул ой онда бурыннан-ақ бар сыяқлы еди. Бирақ, дигирманханада «бастырыўлы» турған ески қара үйдиң уўық, керегелерин көргенде,бул ойының түбине жеткендей болды. «Әттегене-ай, не деген ҳасыл затларды қор етпекши болғанбыз...» деп көзине жас та алды. Болмаса күйеўиниң не жазығы бар еди! Ол ғой усы қара үй қусағанларды сақлап қаламан деп тырысатуғын еди.

Ах, нетерсең, нетерсең! Енди, мине, уўық та керек, үзик те керек- солардың бәри керек. Ол усы күнди қаншама сарғайып күтип еди.

Ана үнсиз ойға шүмип тур. Бәри есинде «Ақполатымды азамат етип өсиргейсең. . . » деп соңғы сөзин, соңғы тилегин айтып атырғаны ҳеш қашан көз алдынан кетер емес. Шүкир қудайға, Полат жаман жигит болмады, «әкесине тартқан» дос еди әкесиниң көзин көрген дос-яранлары.

Ана қуўаныштан толықсып кетти. «Әй алла, узағына қуўантқайсаң!» деп қойды ишинен.

Түни бойы кирпиги илинбей шықты. Көз алдына күлимлеген улы, күндей күлген келини, томпаңтомпаң жуўырысқан қара домалақ балалар бирме-бир келе берди.

— Апа, жасың да тәўирақққа барып қалды. Енди жумыс ислегенди қояқойсаң да болар еди...—деп көндирмекши болады баласы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

-Қыймылдамай-ақ қойса, ене өзим ислеймен ғой, деп қыйылады келини.

Енди бул не қылса екен?...

— Кемпий апа, ейтек айтып бейиш-я?

— Саған айтпайды, маған айтады!

-Маған айтып берсе, апа? . . -деп жабырласады қара домалақ балалар .

Қәне, енди ,сол күнлерге тезирек жетсе? Келин түсирип баласының бир басын екеў етсе?... жетеди еле, жетеди! тезирек басқурын питкерип тасласа, гүмбирлеген ақ отаўға отырғызар еди. «Таң атса болар...»

Енди оның пүткиллей уйқысы қашты. Сол бир әжайып таң аспанын көргиси-ақ келип барады. Бурын таң нурының өзи оятар еди .Бүгин негедур өзи .Сол нурларды сағынып қалғандай.

Ол шыдай алмады. Бүгин негедур . . . Әне, қоразлар шақырып атыр.«Қайда қуяш нурлары? Неге күндегидей терезеден қуйыла түспейди?»

Гүбирлениp терезе алдына келип турды. Қуяш көринбейди. Таўыққа сағал келгендей қоразлардың қышқырыўы да әжептәўир! Әтирап думандай қараңғы. Бир түрли салқын самал есип киятыр .Аспанды қап-қара булытлар қаплап кетипти...

Суўық хабар тез тарады.

Аўыл азан-қазан. Кимниң әкеси кимниң баласы, кимниң яры... хәммениң басында бир саўда, бул үйдиң де шаңарағын шайпалтып кетти. Иләж қанша, ел басына күн туўса!

Ана суўық хабарды еситкенде бирден шоршып түсти .Гөне жапсағы қайта қозып, өкпеси қысып отырып қалды. Әскерликке алады деп ойласа екен-аў сирә! Жүреги сызлап қоя берди. Ел деп емиренеди келип...

Жүреги шаншып сызлай берди. Жалғыз улы.. Аяйды. Аяса қәйтсин! Елди қорғаў—ер парызы емес пе? «Қуданың өзи сақласын, қырық жыл қырғын болса да әжелли өледи,»—деп түйди ишинен.—Буйырғаны бардығы...»

* * *

Ай артынан ай өтти, жыл артынан жыл өтти. Урысы қурығыр тамам болар емес. Бирақ, бир қуўанышлы жери—жаў кейин серпилип атырғанға усайды. «Ана



www.ziyouz.com kutubxonasi

қаланы алдық мына қалаға атланып атырмыз, шегиннүге жол жоқ!» деп жазады баласы. Бул баладай қуўанады—ай келип... Хат болмағанда, күнн қәйтип кешер еди? «Шегинбе, улым, шегинбе!»

Ана дималланып кеткендей. Жапсағын жапсақ екен деп жүрген жоқ. Азанлы—кеш атызда. Белди беккем буўып, билекти сыбанып алған. Кетпенди урғанда, қара да тур! Хәр кетпенди тислеһип турып таслайды ма дейсең! Кеўлине жерди емес, жаўды жексен етип, тилким-тилким туўрап атырғандай.

Үйге келип және тақаты жоқ, қашан жатып, қашан туратуғынын билмейсең. Колхоздың кеңсесиндей үйинен жақты өшпес... «Не қылады екен гәрип жанын буншама қыйнап! Басқур тоқығанын қоя қойса болады ғой. Бийшараның қуў сүйеги қалыпты...» деседи журт.

Оған өзиники жөн. Журтта не жумысы бар! Қанша айтса да, қоймайды. Қойса, тап бир өмир тоқтап қалатуғын секилли. Буны түсинбейди ғой олар... «Бул неге уйқы көрмей отырыпты? Ғәрип жанын неге қыйнайды соншама?!» Хәмме парқына бара бергенде қайда!

Хаў, урыс өмирлик емес ғой. Ертең—бир күн құданың ашық-жарық күни туўмас дейсең бе? Баласы да аман-есен үйине қуўысар. Сонда..

Жоқ, ол услей бериўи керек! Услей береди. Мейли, уйқыламаса, уйқыламай-ақ қойсын. Уйқыдан адам өлип атырған жоқ. Ал, жақсы ннйет аяқсыз қалмаўы тийис. Қолға алды екен, питиреди. Ким билипти, басқур питсе, урыс та пите қояр ма?.. Полатжаны жаўды жексен етип атырмыз дейди ғой. Қәнекей, неге күлталқан болып қалмайды сол нйтлер!

Жоқ ол илей бериўи керек! Асыққаны мақул. Баласы келип, келинниң қолына қондырып берсе, мына басқурды олардың отаўына жаппас па еди! Жабады еле, жабады! Жеңис те болады.. Улы бар—жеңис бар. Тек басқур тезирек питсе...

Басқур тоқылынып атыр. Күннен-күнге не өнимли. Қарашы, қандай басқур болажақ. Әжайып ақ басқур! Басы—қызыл реңлер, қызыл болғанда қандай—лалаптай! Изи жасыл дөнип барады. Бул, сонда да, ақ басқур. Өне бойына ақ иреңлер тарқалады, ақыры.

Кемпирди аяғаны болмаса, басқурға басқалардың да хәўеси кетип жүр. «Әжайып нәрсе екен» дейди көргенлер. Хәмме оның питиўине тилеклес.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ана тоқып атыр. Қылыш таяғы қолында. Үзликсиз ҳәрекет... Ол тынар емес.

Соң, хат пышақ кескендей үзилип қалды. Бирақ, басқур бир шамаға келип қалған еди.

Ана өзин қаншелли қуўатлыман деп санағаны менен жапсағына «жан енип», жүрек кесели жанын жегидей жей берди. Бирақ, ол бәринен үмит етти. Еле хат та келеди, бәри де болады. Ким билипти, төбеден түскендей бир күни өзи-ақ жетип келер. Тек басқур питсе...

Ол соңғы күшлерин жыйнап, бәрине шыдай берди. Басқур болса питейин-питейин деп тур еди. Бәлки, питер де еди. Қаралы хат келди сған... Жүреги не деген нәзик еди. Шаншып аўырмады да, жөтел де қыспады, жас та шықпады. Тек бир нәрсе үзилип кеткендей жүрек түсы шым ете қалды.

Ана ет бетинен басқур үстине гүрс етип қулап түсти. Аўыр соққы сымдай тартылған аппақ, қыл киби, қатар-қатар жиплерди тамырлардай тарамысландырды да, қаслық еткендей үзебер ди, үзебереди.

Бирақ, булардың бәринен де ана бийхабар еди.

...Аппақ болып таң атты. Әжайып таң, күткен таң еди бул таң. Ол сүйген нурлар еди бул нурлар...

## НУРЛЫ ШЫҢ

*Гүррин*

Ол жыллары оның өмирге деген көз-қарасы дурыслы қәлиплесе алмай атыр еди. Турмыстың қарама-қарсылықлар гүреси екенлигин бирде түсине алған жоқ. Оның үстине, бул оның келешекке қарай қойған дәслепки адымы болды. Сонлықтан ол «барлық адамлар жақсы, өмир тек усындай унамлы нәрселер менен қубылыслардың жыйынтығы—гөззаллық» деп ойлап, бала күнлери атасы айтқан Нурлы шың ҳәм ийгилик ғарры ҳаққында әпсанаға әбден исенер еди. Оның жүреги Ийгилик ғарры—мийирман, мийнет сүйгиш, хақ көкирек адамның өзи болып, Нурлы шың—тек усындай адамлар ғана жасайтуғын әжайып, гөззал мәкан-сыпатында мәңги уялап қалды.

Ҳақыйқатында да, Мақсет ислеп атырған жер атасы айтқан әпсаналардағыдай Нурлы шың екен. Қула дүз—қула майдан болыўына қарамастан, көз жетпес кең да-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лалар бәҳәр келиўден көк липасқа оранып, жарқыраған қуяш нуры менен жасыл дөнип турғаны, әтирaптың бәри—қыр дөгерек қоршалған қалың тоғайлар, егислниклер, егиске таярланып атырған, таярланажақ жерлер...

«Көп түкирсе, көл болады» деген, азанда бәри бир адамның баласындай тракторларын ходлап, бәри бирликте шөл қойнына кирип кетеди. Коллективлик усыл, коллективлик мийнет! Бузылып, дағы етип жүрмей қалып атырған трактор жоқ. Тәжирийбеси аз, өндириске жаңа келип атырған жас болғанлықтан ба, адамлардың, әсиресе, өзине деген мийрим-шәпәәти оғыры күшли.

— Ҳеш гәп, еле сеннен жақсы тракторшы шығады!— деп арқасынан қағып қояды албырап—айдаған ўақытлары өзин кәўендерликке алған Аманбай аға.

Соңырақ ол бул жерди, бул адамды атасының айтқан әпсанасы менен байланыстырып, бирин Ийгилик деп, бирин Нурлы шың деп атап кетти. Бирақ көп узамай ол басқа бөлимге аўыстырылды да, булардың бәри түсиндегидей қыял сағымы болып қалды.

Бул жерде «енишисине» кеше ғана тап ремонттан келген, сулыў сырланған, келисиги келген-ақ трактор тийди. Шынында, бала жигит бул трактор менен таў қопарыўға тайын еди. Дәслепки күнлери эп-әнедей жүрип турды. Жигит ғой ушып-ушып қуўанды. Күн-түн демей трактордың үстинен түспеди. Қарасаң, қаршадай бала, жаныңа сәддақ дей бер, жигирма жылдың тракторшысы Қошқарбай да өмир тарийхында бүйтип ислеген емес. Бул абыройы көпке созылмады, барлық үмит, мақтаўлар жел көтерген қаңбақтай ушты да кетти. Бәрине айыплы мына «маўбас» трактор! Тап бир буның айдағанын хош көрмейтуғындай... әйтеўир адым сайын арысқа теўе берди.

Енди өзи менен өзи. Қошқарбай да атызын салғанды қойды. Әўелги күнлери Мақсет десе емеши қурып өле қалатуғын еди. Балалығын айтып, садалығын айтып, ҳәр нәрседен сақландырып жүрди. «Сеннен жақсы тракторшы шығады!» деп тынымсыз мақтағанларын айтпайсаң ба?!

Рас, оның айтқаны келди, жаман тракторшы да болмады, бирақ, барлық «бәле» усы таза алған трактордан басланды. Жумыс-жумыс болмады. Оның үстине,



www.ziyouz.com kutubxonasi

гейбиреўлер қайырқом болып «байқап ислейгөр, шырағым, темирге тетепки берип болмайсаң. Денсаўлық деген де керек, қосшым» дегенди шығарды». Жигирма жылда не саўдалар басымыздан өтпеди дейсең! Сендей «ударник» те болдық, байрақ та алдық, өмириң болса, бәри де болады,—деп қосып қойды Қошқарбай да,—жаслық ўақытты босқа өткермей аўылларға шық, бойыңды жаз, қыз-қырқын көр. Бес күнлик өмирдиң сәни де сол ғой. сен өзимиздиң аспаз қызға қарамай-ақ қой. Ол бир жүрген мәжгүн. Болмаса мийдей далада неси бар десеши! Онысына да турмай, трактор айдайман деп күйдиреди—аў! Айым болмақ ол маўбасқа түсип қалыпты. Әй со, усы журтқа ақша деген жин тийген бе деймен. Жап жас баллар...»

«Бул гәплер ҳақыйқаттан да дурыс шығар» деп ойлады Мақсет. «Баягы ғаррыны көрип қайтсам ба екен?» деген бир ой келди және. Бир күни «көрсем, көрип қайта қояйын» деген ниет пенен кешқурын бос ўақытта жолға шықты.

Пайдасы не?! Ғаррыны көрсмен деп толып-тасып шыққан кеўилли бир кеўилсиз жағдайға дус болғандай ҳә демей-ақ басылып қалды. Анығында, «Ийгилик ғаррыны көрип қайтаман»деп, жаслардың жәмлегениниң үстинен шықты. Жаслардың да сол жерде—Нурлы шыңда екенин қайдан билсин! Баслама көтерип келген усайды...

Ол усы күннен баслап өзин қолайсызлаў сезе берди. Жумысқа да кеўилсиз барып, кеўилсиз қайтып жүрди, бурынғыдай иси де өне бермеди. Қыялында ол бул жерде емес, Нурлы шыңда—өзиндей жигит-қызлардың арасында жүргендей еди. Гейде сол жақларға қарай кетип қалатуғын әдетти де шығарды...

Бир күни сол, Нурлы шыңнан айланып келсе адамлар шыжа-пыжа. Иштеги дүмпиўди сыртқа шығарып болып-өтип атыр.

— Хәй, иниң, айдасаң сплап айда! Сени ғой тәўир болама десек...

— Қосшым, қыдырыспаны гүжиттиң-аў,—деди Қошқарбай да тикшийип.—Ҳәўиттей трактор... я жумыс жоқ! Кеттим-кеттим деп айтпайсаң ба, ақыры. Айдағың келмейди екен, мына қызға бер,—деп аспаз қызды көрсетти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Керек емес,—деди қыз бурқ етип,—Өйтип адамды қорлағаныңды қой, не пышақтың қырындай...

— Уят болады!—деп қойды биреў буның мына сыйқынан түңилгендей терис қарап турып.—Өзиңе де жақсы емес. Жаңағы келген басшылардың алдында неше пуллық киси болдың!?

Таңға кирпиги илинбей шықты. Ҳәр нәрсени бир ойлайды. «Нурлы шың», мийирбан, ысық жүзли сол бир ғарры келеди көз алдына. Бул жер неге «Нурлы шың» дай емес—дейди ишинен,—булардың жумыс ислегенлери де қызық. Ҳәр тракторшының арасы ат шаптырым, биреў—биреўден хабар алып болмайды. Шыңдағылар ғаздай қатарласып-ақ жүрипти. «Ҳәр ким өзинше ислегени жақсы, сонда өсим болады» деп ондай исти жақтыртпайды Қошқарбай. Оған өз иси өнсе болғаны! Бирақ ҳәмме Қошқарбай емес...

— Ортақ усыл керек, ортақ, тап «Нурлы шың»дағыдай!—деди биреў Мақсеттиң ойынан шығып.

— Бизиң усылымыз усындай!—деди Қошқарбай өзин ғамхорлыққа алып атырып. Мине,ғамхорлығы!

Усыны ойлай-ойлай шаршады. Не десе болады? Оннан сондай гәпти күтсе екен-аў, сирә! Мейли, не десе, о десин. Таң атса болар... ислейди, ислей береди. Еле көрерсең, бул даланы «астан-кестен» етпесе әкел қолыңды! О—о. ойнаған екен!..

Ақыры, таң да атты. Шайды күтпеди. Биреў билди, биреў билмеди, орнынан турды да кетти. Еле Шыңдағылар да иске шыға қоймаған екен...

Ол тракторына қарай киятырып түндеги «астен-кестен етемен» деген сөзлерин қайта еслеп, өз-өзине түңилип кетти. Оның бул сөзлерди айтқаны қашшан! Қәне орынлағаны?!

Бул ыза оны бурыннғыдан да бетер жигерлендирип жиберди. Келе жумысқа тийисип кетпекши еди, пайдасы не?! Трактор ход алмай қалды: пускач ислемейди, бак, май жоллары әп-әнедей, свеча шағып тур, тек мотор қоспайды? Билсе, буйырмай кетсин! Бурын бундайды көрип пе! Тракторшылықта бир жылдай оқып, Нурлы шыңда бир-еки ай жумыс ислегени болмаса, еле ҳеш зат билмейди екен ғой. Тек болғаны бир күн мастерскойдың шаңын аспанға суўырып, «езди» әткенин биледи. Бес скорость,ципленке, алға, артқа жүргизиўши рычаг, май жолы, пускачты ходлаў, моторды



www.ziyouz.com kutubxonasi

қосыў—бәрин бес саўсақтай ядлап алды да, «қайдасаң атыз» деп ҳайт қойды. Жүрек ҳәўлеп бунда әкелди...

Ашыўы келип қолындағы ключти гусеницаға бир урды. Қошқарбай оны анадайдан бақлап киятыр екен.

— Ҳе, не болып қалды?—деп гүсеницаға секирип минди келиўден.—«Он төртти» әкел, сени қашшан жүрип кетти десем. Свечаңды аша бер.

Бәрибир, болмады. Оның ислегенлерин өзи де ислеп еди ғой.

— Так, так... деп бас қатырып, қыйланған киси қусап қояды,—Кеткениңде, саў ма еди? Не бәле келди екен? Май жолларың ғой чистий. Клапан таўлап көрдиң бе?

—Клапан таўлап көрип пе?

— Яқ—деди уялып. Ол еситпей қалды.

— Таўла.

— Қысынысканың үлкени енди болды. Клапан қайсы—билмейди.

— Әкел «он төрттиң» торцовыйын,—деп ашыўланды яшыулкен.

— Берман қара, былай таўлайды... Сен өзиң, не оқып жүрсең!?

Шийедей қызарып кетти. Сөз қоспады. Сөз қосса, сайыз екенлиги әбден билинеди. Не айтса да, бәрин мыңқ етпестен тыңлай берди. Бирақ ҳәр бир қыймылын мүлт жиберместен бақлап турды. Онша қыйын емес екен.

— Қәне, ручканы енди таўлап көр.

Таўлап атыр, таўлап атыр. Пускачта ғой компресс күшли, ара-тура «теўип-теўип» алады. Ақыры, «сосать» етип қалды, тағы май тазалаў, тағы ручка таўлаў. Әй, шала өкпеси шықты.

—Былай қаш-әй!—Қошқарбайға сирә жақпай-ақ койды. Бунық қолындағы ручканы жулып алды.—Түс-жерге!

Ол да әнейин болған жоқ. Қайта-қайта саатына қарай берди.Ақыры, кетип-ақ тынды. Қызық адам екен. «Жумыстан қалдырдың» неси?! «Басшыларға пәлен гектар жер ашаман деп ўәде етип едим» дейди. Әнекей, исенген Қошқарбай! Бул да ўәдеден шығып, исенимди ақлаўы керек еди. Усыны түсинбейди ғой бул «заңғар!» Мыңқ етпей турады-ә келип. Ҳә, адамы болғанында, бир-екини алдырып-алдырып жиберер еди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир жағынан Қошқарбай бурқ етип кетип қалғаны да арқасына аяздай батты. Адамлардың айтыўынша атақлы-ақ адам. Әттең ақшасыз ийин қыймылдатқысы келмейтуғын қусайды. Журт «жақсыдан-шарапат» деўши еди...

Қорлықтан жылағысы келип еди, және шайтанға ҳәй берип, өзин ирикти. Көз алдына Шыңдағылар, дослары, ғарры келип, жүреги әбден елжиреди. Мүмкин, олар бунық көкирегинен ийтере қоймас. Нар тәўекел..

Ойпат пенен Шыңды қақ жарып өтип турған канал бойына келгенин өзи де сезбей қалды. Қараса, нәзерлеп киятыр екен.

Канал бойына келип отыра кетти. Суў болса «суўлыққа таслап» ағып атыр, онда иси нә? «Қара ешкиге жан қайғы.» Жап-жас жигиттиң ингендей қайысқаны жаман екен. Қайыспай қәйтсин! Жумыс болса қалып барады! Мынаў отырысы, трактордың турысы анаў...

Жигит арғы бетке де өтпеди, кейинге де қайтпады. Суў бойында қыял сүрип отыра берди. Шыңдағылар қол былғап шақырып атырғандай...

## 6

Механик келеси күни барып күн аўған соң келди. Ҳеш бәлеси жоқ екен. Виндикстиң он еки миллиметрлик төрт вольтын биреў ашып алыпты.. Усыны Қошқарбай билетуғындай-ақ еди. Кеше айтпағаны!? Я өзи алып...

Механиктиң ақ қараны айырғандай ўақты болмады. Мастерскойдан жаңадан вольтлар жондырып әкелди де, тракторды «жанландырып» жиберди. Бирақ кетеринде: —Ал енди жақсылап айда, қосшым, өзиң бир сачокпысаң деймен. Әйтеўир нәрсе ушын.. деп қытығына тийди.

— Әне, журт сөй дейди. Адамды түсинбейди-дә! Қәне, трактор жүрип тура берсе...

Намысқа шыдамай ертеңине түсликке шықпастан айдады. Қалайда, халықтың шаңына илесиў керәк!

Бахтына, тракторы жақсы ислеп кетти. Талабың бир келиссе, келисе кетеди екен. Түстен кейинге таман қарны ашырқап, азмаз жумысы өниңкиремей атыр еди, бир кастрюль аўқат көтерип аспазшы қыз келип тур.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Түсликке бармадың ғой?... дейди бунын жүзине таң қалған пишинде қарап.

— Трактордың жүрип турған ўақтында ислеп қалажақпан.

Бул гәпти айтпай-ақ қойыўы керек екен. Өзин басқыға жығып берди.

— Сениң тракторың-ақ бузылады да жүре ме?—деп күлди қыз.

— Әй!—деп қолын бир силикти, не деўдиң есабын таппай.

Қыз да дәрҳәл кете қоймады. Негедур трактордың жанынан айланшықлап шықпай-ақ қойды. Бир нәрсе сорағысы келгендей ара-тура буған да қарап қояды. Бул болса, ол қараған сайын, терлеп-тепшип қоя береди. Асханаға барса да, усы қараўы. Тап гейде ашыўыңды да келтиреди. Өзи жан ийнине от түсип, зорға жүргенде, «трактор айдаўды үйретесең бе?» дейди анаў күни.

— Үйрететуғын адамыңнан сорадың-аў!—деди Қошқарбай мырс етип.—Анаў сыйқы... Ол бийшара сениң қәдириңди биле ме, шырағым-аў. Анық үйренгиң келип турса, өзим үйретемен ғой.

— Терис үйрет!—деди қыз еситилер-еситилмес етип.

Әгтен, ҳәзир ўақты жоқ-тә! Болмаса үйреткенде де шеп болмас еди... Ләм-мим демей тракторына қайта отырды. Қыз болса топырақты гүреп таслап, тыр-тырлап баратырған трактордың изинен көз айырмай узақ қарап турды...

Жигит сол айдаўдан геўгимге дейин тынбады. Ис недәўир өнди. «Усылайынша жүрип турсам, бир-еки күн дегенде «алдыңғы»ларға араласпаған менен, «ортаңғы»лардың шаңына илесип қаларман» деп шамалап отыр. Табыс азғантай да болса заўық бағышлайын деди. Азаннан берли трактордан түспей айдап, еки ийни сал болса да, кеўли көтериңки. Бул қуўанышын әлле кимге ортақласқысы келгендей асханаға қарай қустай ушып киятыр.

Асханаға кирер-кирместен аспазшы қыз:

— Кастрюлди әкелмедиң бе?—деди-жүр, екеўимиз жуўырып барып әкелейик. Бағана умытып кетиппен.

Ай далада екеўинен басқа жан жоқ. Тек алыс-алысларда түнги тынышлықты бузып турған қандайда бир техникалардың гүрилдилерине қосыла гә солай, гә булай «зыр жуўырып жүрген» жақтылар ғана көринеди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

лып» барып тоқтады. Әй сирә, головканың прокладкасы күйди-аў...

Қабинадан секирип түскен жигит бас кийимин жулып алды да, мыжырықлап-мыжырақлап, жерге атып урды.

— Қурыды, бәри қурыды! Головка прокладкасы күйип кетти.

Қорлық деген усындай-ақ болар. Жуўырып келип тракторды бир тепти. «Бәри сеннен, бәри сеннен!» Трактор «мыңқ» етер емес. «Тилимди билмей тебесеңә!» деп буған одырая қарап турған секилли. «Мақсет ислемейди. Мақсет тракторын жорта бузды!»

Мийине тебендей қадалған бул сөзлер оны түни менен де жатқармай шықты.

Түн жарпы ма, таң алдыма, түсиниксиз бир нәрселерди көрип, сандырақлап атыр екен.

...«Нурлы шың» қып-қызыл от ишинде. Шағаладай аппақжайлар, оқтай дүзиў көше бойлары, жап-жасыл бағлар, нур жайнаған «Нурлы шың»-бәри, бәри жанып кетежақ. Әне, жыландай ысылдаған от жалыны тракторлар колоннасын шарпыды... Зыр жуўырып ғарры жүр. Ийгилик ғарры! Дослары қайда екен?

Қәпелимде күшли самал турды. Өрт қып-қызыл жалын болып аспанға шықты. Жер жаҳан қып-қызыл шоқ... Жайлардың төбелери ларс-ларс түсип атыр. Бир бийғам нәресте шыр-р ете қалды...

Адамлардың ҳәй-пәйин тыңлаған жоқ. Тракторын ход алдырды да, турған жеринде шыр айландырып жүрип кетти. Үш, төрт, бес... Тезирек, тезирек! Растан-ақ дослары көринбей ме?

Дәл ортада канал өрттен де күшли ағып атыр. Арғымақтай шабысқан аппақ толқынлар жағаға гүрпгүрп урды. Бәрибир. өтиў керек! Жалын болса жер жаҳанды алып баратыр... Қутқарып қала алар ма екен?

Жигит келе сала тракторды каналга қойып салды. «Сто» деген өтеди! Суўға жар қулағандай трактор да суўға гүрп етип түсти. Адам бойы суў... Төбеси жылтырап ғана көринеди. Сонда да суў асты кемесиндей ҳарлап киятыр. Суў бети жер төңкерилгендей лақылдайды. Алдыңғы тислер жағаны илди, ий-ий-ий, шығажақ түри бар-ақ! Жоқ, жылжыр емес. Гусеница шыр гүбелек,башмаклар шықыр-шықыр, катоклар тықыр-



www.ziyouz.com kutubxonasi

тықыр... ҳәм тик жар, ҳәм уймаға тап болыпты. Әсте-әсте бир жағына алып, төмен қарай шүме берди. Ақыры матор да өшти.

Малпақ-салпақ, сүйретилип далаға шықты. Дөгерек тым-тырыс, өли тынышлық...

Трактор әлле қашан шүмип жоқ болыпты. Суў ҳеш нәрсе болмағандай толқынлы ағысын даўам етип атыр. Жигит ар-уяттан тоңып қалтырады. Усы суў менен өзи де биротала жоқ болып кеткиси келди. Кете алмады. Адамлар балықтай тутып, қырға шығарды. Жулқылап атыр.

—Айт, трактор қайда? Неге батырдың?

—Душпан, зыянкес!

—Сениң орның «түрме»!

— Әй, әй, тоқтаң-ә! Трактор қайда? Шақыр берман, шығарып алайық.

Еки «сто» гүр-гүрлеп жетип келди. Сым арқанлар еки жерден байланып, екеўине тағылды.

—Бир, еки...ал тартың!

—Тарт, ҳә-ҳә, алдыға, ҳәй-ҳәй, екеўиң тең тартың дә!

Ярым сааттай ўарра-ўарадан соң жағаға жер астынан табылған тамдай бир неме сүйреп шығарылды. «Жетекке» жүрмәй атыр. Гусеница айланбайды, сарт-сарт...

— Әй, қояғойың, болмады.

Еки жигит бүкшеңлеп трактордың астына кетти.

— Бал ерипти,—деп даўыслады көп узамай.

— Картерди аш, суў кирген шығар.

— Бал ерипти?!—Адамлар үрпейисип қалды. жигитте қан-сөл жоқ. Жүреги тас болып қатып қалған, жылағысы да, жубанғысы да келмейди. Адамлар ғаўыр-гаўыр сөйлесип отыр:

— Не қыламыз енди? Бийшара балаға қыйын болатуғын болды-аў! Ҳәўиттей бир трактор...

Әлле қайлардан Қошқарбай да пайда болды.

— Ҳә, бул не гәп? Ҳаў, Мақсетжан, не болды саған? Өниң қашып кетипти ғой. Усығанда ма? Қорықпа, иним, ондай-ондай болады. Бас аман болсын, бас. Ҳүкиметке бир трактор жыр дейсең бе? Ҳәзир списаниеге шығарып жиберемиз.

— Сөйт, Қошеке, сөйт! Бул да өзимиз ғой. Балалық еткенди-дә!

Биреў «әйтеўирден әйтеўир бола бере ме?» деп еди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қошекең оның да есабын тапты. Балдың еригенине қарағанда, картерде бурын максимально май болмаған. Картерди ислеген май менен булай етип қойыў қыйын емес. Ҳәзир май аўмастырған биреўдиң майын алып, шүмпилдетип қуйып қойғойды. Ўәссалам! Максимальный май бар. Ходланбайды, билмеймен. Биреў ың деп көрсин! Тек батпақтан тазалап, суўға түскенин белгисиз етип қойса болды.

Жигит бул ақылды тыңлаған жоқ. Усы ўақытқа дейин усындай жыллы сөзлерди күте-күте зарығып келген жүреги неликтен де тап усы рет қара тастай қатып қалды. Бул даўыс оған барынша жеркенишли, барынша жат даўыс еди. Ол усыны сезинди...

Нурлы шыңға—досларына қарай жуўырып баратырған жигитти ҳеш ким тоқтата алмады. Оны тек абайсызда аяғын илип кеткен ширик түбир ғана тоқтатты. Көз жасы аппақ жүзин айғыз-айғыз етип жиберди...

...— Хәй, ҳәй Мақсет, не қылып атырсаң? Жылап атыр ғой сорыма...

Шоршып ояңды. Басын шайқап Гүлистан тур. Ўўҳ, түс екен!

— Таң атып кеткен бе?

— Атып киятыр...

Ол орнынан турып, исик қабақларын уўқалай-уўқалай күнге қарады. Қәдимги таң, кәдимги шың! Колонананың әтирапына жәмленген қызыл байрақ қәдимгише әл-аспанда желбиреп тур. Тракторлар сап дүзеп қозғалыўы менен кең даланың төрине енип барады...

## МӘЎСИМСИЗ НЕКЕ

Урыс зардабынан қабырғасы сөтилип, жүреклери шыл-пәрше болған кемпир-ғаррының ендиги сүйенер таўы, өмирдеги бир тиреги—жалғыз ғана қызы еди. Ол да қолда көп турмады. Қыз бала ер жетти де, кемпир-ғаррының етек-жеңин көл етип қустай ушты. Жүреклерин жаңа ғана жубаныш таўып киятырған кемпир-ғарры бир-еки жылға дейин үйлерине сыймай азап шекти.

Избасар, мине, сол қызынан асыраўға алған жалғыз баласы еди. Сонлықтан оның дурыс иси де, бурыс



www.ziyouz.com kutubxonasi

иси де олардың көзине ысық көринди. Орталықтың усы тәсиринен болған болса керек, бала тәбиятынан қызықлаў, өзгешелеў болып өсти. Бойы атасынан қалыспаса да, оның менен бир көрпеде жатып жүрди. Өзи қатарлы балаларға ҳеш усамады. Жалғыздан—жалғыз ҳеш жалықпастан асыр салып ойнап жүре беретуғын еди.

Ғаррылық жеңди ме, я қалып турған бес күнлик өмирдиң ишинде қолларына суў алғандай келин түсирип, шаўлық сүйип кеткиси келди ме, қулласы, асығыслық ете қойды.

— Бул жағада қолайға келгендей қыз да жоғ,—аў,—деп шар тәрепке ой жуўыртты, балаң ер жетти» дегенге көкиреги қаўып қалған кемпир.

—Узақбайдың қызы қалай болар екен? Бойы-сыны келискен, пәп-пәкизе ғана қызы бар деседи. Жат жер емес...

Ертеңине-ақ Алтын кемпир ғаррысын Қызылжарға атландырып салды.

— Жақсы нийеттиң ертели-кеши жоқ ғой, сениң балаң—мениң балам,—деп келисти Узақбай да Мәмбет ғаррының сөзин сындырғысы келмей.

— Түбинде усы жаманлардың адам болып, халық қатарына қосылғанын көрсек болды.

Бәлким, балалықтан шығар, қыз узатылар қызларға усап жыламады, көзине бир тамшы жас та алмады. Қайтама өзин қустай жеңил сезип, аяғы жер илмей ушып-қонып жүрди. Жеңгеси келип тәселле бергенде «тандыры шыққай» деп уртын томпайтқаны болмаса, өзин соныңдай бахытлы сезер еди.

Қуўанышлы хабар Алтын кемпирди жети қат аспанның үстине алып шықса да, ғаррысы айтқандай баласына дым тәсир етпеди. Өзи туйық бала әбден туйық болып қалды. «Үндемеў—келискенлик» деп ойлады ғарры. Келиспеген күнде де алған бағыттан қайтыў бәрибир кеш еди.

Ҳәптениң бир сәтли шәршенбисинде той басланды. Той думаны тарқап аўыр жатар болды-аў деген шамада жеңгелери «күйеў, келин дем алсын» деген гәп тапты.

Қыз жалғыздан-жалғыз қус төсекте узақ ўақыт отырды. Усы ўақыттағы оның жүрек дүрсилин қыз баланың өзи билмесе, айтып жеткериў қыйын еди.Қулласы, ол узақ күтти. «Бизиң жигитимиз» болса әлле не-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ге жүреги даўамай кишкене қапы алдында турып қалды... Көп турды.

Әлле немирде қапы ашылып ишке салы суўға кеткен балықшыдай қабағы қатып бала кирди. Қыз дәрҳал басын көтерип, бойын тикледи де бала жаққа жалт қарады. Жылтырақ шайы көрпе омыраўынан сырғанап түсип кетти...

Бала әлле неден қорыққандай кейин бәсти. Қалай шығып кетиўдиң есабын таппай қапы алдында аңырайып турып қалды. Қыз оған әсте мыйық тартып күлимсиреп қарады. Бул балаға әбден жеркенишли түйилди. Жүзин дәрҳал терис бурып, айыплы кисидей нәзерин төмен салды.

Бул күни кемпир-ғарры да уйықлап берекет таппады.

— Кемпир барып, көз қыйығыңды салсаңшы. Бул үйжаңгырдың баллары шыраны еле сөндирмепти—ғой,—дәди ғарры әлле неден сезикленгендей.

— Бала жоқ, бала жоқ!—деген даўрық бул бес үйли шарўа аўылын тик аяққа турғызды. «Қайда кетиўи мүмкин?» деп ҳәр ким ҳәр нәрсеге жорып көрип атыр.

— Таўға кеткен шығар.—Атқа минген үш-төрт жигит таўға қарай бағдар алды. Түнги салқын менен қой жайып жүрген шопан буларға дуўры бағдар силтеген болды.

Мәселе түсиникли еди. Даўрыққа жыйналған аламан үйли-үйине тарқаса баслады. Ғарры ат үстине өзи минип, кемпирине «геўиш—шапанымды жеткер» деп даўыслады.

Ол қызының үйине келгенде, бала атасын қайтып көрместей болып исинип отыр екен. Көз жаслары сақалына сорғалаған атасын көргенде, ол да ерксиз еңиреп жиберди.

Ол атасының кең ийинлерине басын қойып, өзиниң енди-енди жуўанып киятырған тарғыл даўысы менен:

— Сонда неге, сонда неге... деп—өксигин баса алмай узақ турды. Оның мерўерттей жумалаған көз жаслары атасының жүзлерине, жыйрық басқан мойынларына сорғалады.

— Жүр, балам, жүр сениң-ақ айтқаның болсын,—деди ғарры кус-кус бармақлары менен улының көз жасларын сыпырып.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## АЛА СЫЙЫР

### Гүррин

Сапар атамның баласы Жумабай меннен бираз жас үлкен. Бирақ, ол мени ҳеш ўақытта баласынған емес. Мен де оны шеп көрмеймен. Нелликтенде оның ислегенлерин ислегим келебереди...

Көптен берли оны ушырата алмай журмен. Анаў күни үйине излеп барсам, апасы:—Мектеп бетине кетти, шырағым. Питкерийўшилердиң слеты болатуғын еди дейме. әйтеўир... деди.

Мен буның не екенине түсинбей ийнимди қыстым да, шығып кеттим.

Бир күни жалгыздан-жалғыз даланы гезип-гезип келсем, ағамлар Жумабай ҳаққында айтысып отыр екен.

— Мына қоңсымыздың баласы оқыўға кетпей, әкесиниң орнына ислеп қалыпты ғой,—деген апамның сөзин қулағым шалып қалды.

Әйтеўирде, бир-еки күннен берли фермада көринеди—деп қойды ағам да.—Қолында радиодай нәрсеси бар ма, қалай-қалай?!

— Ырас па? —дедим орнымнан ушып турып. Жуўабын күтпей-ақ, далаға зытқыдым.

Жуўырыўым менен мал бағып атырған жерине келсем, малларын ийирип таслап, түски чайды ишип атыр екен. Қолында транзистор радио приемниги бар.

— Ҳикмет, көринбей кеттиң ғой—деп атыр. Әне, усы күннен баслап дослығымыз қайтадан басланды. Екеўимиз әңгимелесемиз, қамыстан сырнай соғамыз, ара-арасында маллар ынада көз-қулақ болып тураман, қулласы, қасында жүргенim-жүрген. Әсиресе, оның радиосын тыңлаған жақсы-дә!

Усындай күнлердиң биринде бизлер қуўанышқа бөлендик те қалдық. Әсиресе, Жумабайды айтпайсаң ба, ала сыйыры бузаўлағанға мәз-майрам.

— Әне, бир бузақайлы да болдық,—деп қойды мениң де арқамнан қағып.—Енди ала сыйыр үйренисемен дегенше бизлерге жәрдем берип турасаң ғой я?

Мен анаў-мынаў деп гибиртиклеп турғаным жоқ. Жаңа бузаўлаған сыйырдың көбинесе пададан қашып кете беретуғынын билетуғын едим, сонлықтан оған өз-



www.ziyouz.com kutubxonasi

имниң де жәрдемлеским келип, сол күннен баслап өзимниң тийисли «кәрнме» кирисип кеттим.

Бирақ, бир күни Жумабайдың сол жайдары жүзи булттай түнерип, ашыўлы келди. Мениң менен де қол ушы сәлемлести де, иллә деп аўзын ашқан жоқ. «Бәлки, үй—ишинде бирнеме болып қалған шығар» деп ойладым. Бирақ олай емес екен. Мен буны соң абайладым...

Сол күни падада күтилмеген жағдай ушырасты. Мениң малларды қызықсынып санай беретуғын әдетим еди. Үйреншикли әдетим бойынша малларды енди санай берейин деп оқталғаным. көзиме бир нәрсе оттай басылды. Қайдан болса да өлеси арық, кишкене ғана көк қашар қосылыпты. Қашардың отлаўының да мәниси жоқ. Ара-тура жердеги көк майсадан бир тислейди де, мойнын жан-жаққа созып, ессиз адамдай тура береди. Басқа маллар бир бөлек, қашар бир бөлек. Маллар да оны жақтырмағандай қасына жолатқысы келмейди.

Мен оған онша итибар бермей, малларды санай бердим. Қызық! Бас саны туўел, бирақ ала сыйыр жоқ... Ақылым алты бөлек болып:—Ала сыйыр көринбей ме?—деп сорадым.

— Әй, несин сорайсаң!—деди қапа көзлерин қадап. Оның сол ўақыттағы келбети маған өкпелеп, ашыўланып турғандай еди. Сораў бергениме пәнт жедим. Дәрҳал жүзимди бурып алып кеттим де, азырақтан соң көзимниң асты менен сығалап қарадым. Ол және төмен қарап шөп пенен жер шуқлап отыр екен. Қамсығып ишиннен жылап отырғандай сезилди маған. Жанарынан жылт етип түскен бир-еки тамшы көз жасты көзим шалып қалды...

Мине, усының менен бизлердиң дослығымыз да суўыса баслағандай көринди. Ол бурынғыдай жайдары кәлпине қайтып келмеди. Әлле не үстинде узақ ойланып қалды. «Ҳикмет, малларға көз қулақ болып қараңқырап жүр, мениң басым аўырыңқырап тур» дейди маған. Болғаны, басқа тис жарып ҳеш зат демейди. Бурынғыдай транзистор тыңлағанды да қойды. Бул маған да жеңил тийип жүрген жоқ. Ҳайранман! Қалайынша ол туйық минез бола қалды? Ең қурығанда мениң менен сөйлескенде не қылады?

...Азанда орнымнан турып тысқа шықсам, бригадирдиң үйиниң алды шабақтай шыпырласқан балалар екен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тақыядай дөңгеленип, әлле неге қызықсына қарап қалыпты. Мен де «не нәрсе екен» деп жуўырып барсам, орталарында гөнелеў бир сары «Москвич» тур екен. Бирақ, балалардың гәпине қарағанда бул енди биротала жайлаўдың машинасы болатуғын қусайды.

— Ырастан-ақ байраққа алған ба?

— Қой, олай емес шығар. Бул онша таза емес ғой. Мине, мынаң қара, мына бир жериниң темири сынған бояўы да кетипти... Байраққа шылт жаңасын бермей ме?—деп ҳәр ким ҳәр жерден ҳәр нәрсе айтып атыр.

Мениң ҳеш заттан да хабарым жоқ еди. Тек ишимнен бизиң аўылда да машина болатуғынына қуўанып турман. Азмаз қызығып турдым да, ферманың мал қорасы бетке қарай қустай уштым. «Бәлким, Жумабай буны еситпеген шығар. Еситсин, бизиң аўылда да машина барын билсин» деп қояман ишимнен.

Мал қораның қасына жақынлай келе әллекимлердиң бақырысқан даўысларын еситип гилт тоқтадым. Жумабайдың даўысын танып турман. Ол қызыңқырап сөйлеп тур екен:

— Солай аға, маған басқа жумысқа өтиўге рухсат ет, болмаса... Мен дәрҳал пишен гүдиниң тасасына жасырындым ҳәм мойнымды ишиме тартып, бүккеме түсип пишенге оранып жаттым да, қулағымды түрип тыңлай басладым.

— Ҳә бала, тилиңди тыясаң ба енди? Сеннен көре әкең тәўирирек еди, питегене ийкемге келетуғын,—деп бригадир де көтериле сөйлеп кетти,—«Көлдиң суўын көргенсиз қызғанады» деп... Сеники не? Басшының исине онша араласа бермес болар...

— Ҳаў араласып деп, аға... Енди не қыласаң сойталдай сыйырды шулликтей қашарға аўмастырып отырған өзиң емес пе?

— Кәне, қысқарт бала.—Бригадир қолындағы қамшысы менен өзиниң жамбасына өзи урғанын сезбей-ақ қалды. Адам деген жақсылықты билмесе қыйын екен. Әкең ғой талай ирет бузаўларды боранға таслап басына жетип еди... Сонда да бетине жел болып тийгенимиз жоқ ғой. Сениң ғой «супп» демей атырып... Ҳәй ойнаған екенсең...

Гәп усының менен пышақ кескендей үзилди де қалды. Мен мойнымды созып олар жаққа урлана көз тиктим. Жумабай биразға шекем үнсиз турды да, қәпе-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лимде пилдей өзгерип, шеп қолын бир силтсўи менен қолындағы таяғын әлле қайларға барынша зыңғытып жиберди ҳәм бирден шалт-шалт адым атып жүрип кетти. Бригадир жонылған ағаштай сазырайып қатты да қадлы.

Мен оларға аң-таң болып қарайман. Бригадир өкпелеген баладай қабағы қарыс жабылып еле тур. Жумабай қайыңдай қайқайып қатты-қатты адым атып кетип баратыр. Билемен, ол бригадирге ашыўланып кетти. «Бәлки биротала кетип баратырма екен? Ырастанақ малларын таслап кеткени ме?» Жумабай қайда баратырсаң? деп изинен жуўырып кетким келди. Жуўыра алмадым. Ол әлле қашан-ақ гүзар жолға түсип кеткен еди.

Арадан үш-төрт күн өткен соң мен оны мал бағып атырған жеринде және ушыраттым. Анаў күнгидей емес. Қәдимгидей хош кеўилли. Транзисторынан шыққан қандай да бир жағымлы нама сести кең далада қалай болса солай шарықлайды. Өз көзиме өзим исенбедим. Ала сыйыр! Анаң қарашы, жайлаўдың жалғыз малындай емин-еркин отлап жүрииўин!...

Түске таман жеңил машинаға минген биреўлер келип кетти. Жақсы адамлар екен. Мениң менен де күлип сөйлеседи. Кетеринде Жумабайдың қолын қатты қысып оған қандай да бир жыйнаққа барыў кереклигин айтты. Жумабай малларды кимге таслап кетемен дегендей етип қарап еди, олар «жәрдемшиңе» дегендей күлимсиреп мени нусқады. Мен келисим бергендей басымды ийзедим. Ишимнен «ҳақ жол саған» деп атырман.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## МАЗМУНЫ

Қыйын өткел *(повесть)*. . . . . . . . . . . 3
Ески нама. . . . . . . . . . . . . 42
Нәзик нурлар *(новелла)*. . . . . . . . . . . 46
Ақ басқур *(гүррин)*. . . . . . . . . . . 50
Нурлы шың . . . . . . . . . . . . 55
Мәўсимсиз неке. . . . . . . . . . . 66
Ала сыйыр. . . . . . . . . . . 69

www.ziyouz.com kutubxonasi

На каракалпакском языке

**Алламбергенов Кенесбай**
**ТРУДНЫЙ ПЕРЕВАЛ**

*повесть и рассказы*

*Издательство «Каракалпакстан»*
*Нукус—1983*

www.ziyouz.com kutubxonasi

Редактор *Т. Нажимов*
Художник *К. Нажимов*
Худ. редатор И. Қыдыров
Тех. редактор *З. Алламуратов*
Корректор *А. Әбдираманова*
ИБ. 1508

Териўге берилген ўақты 6/I—1983-жыл. Басыўға рухсат етилген ўақты 11/III—1983-жыл. Қағаз форматы 84x108$^{1}/_{32}$. Көлеми 2,375. 3,99 шәртли баспа табақ 3,86 есап баспа табақ. РК 32046. Тиражы 7000. Заказ 557. Баҳасы 25 т.
«Қарақалпақстан» баспасы. 742000 Нөкис қаласы, К. Маркс көшеси, 9.

ҚҚАССР баспа, полиграфия ҳәм китап саўдасы ислери бойынша Мәмлекетлик комитеттиң «Правда»ның 50 жыллығы атындағы Нөкис полиграфкомбинаты.
742000, Нөкис қаласы, К. Маркс көшеси, 9.

www.ziyouz.com kutubxonasi